


MWEYA MUTSVENE CHII?

 ...kashoma pamusangano. Musangano uno uchange uri musangano wakati siyanei zvishoma neyatinowanzova nayo pano. Kazhinji, pese patinouya pamwe chete pano, musangano weku...ndewekupodzwa kwevanorwara nezvinodikanwa panyama. Tinonyanyosimbisa pane izvozvo. Asi manheru ano tatanga rumutsiriro rwuno rwekupodzwa kwemunhu wemukati, mwe—mweya wemunhu.

Zvisinei hazvo, Ishe vachitendera, Svondo mangwanani, paSunday school, Svondo mangwanani, tichanamatira vanorwara uye nemutsara wenguva dzose wekunamatira vanorwara, neSvondo mangwanani, Ishe vachitendera. Uye husiku uhu hwevhiki, tinomanikidzirwa zvikuru kutaura pamusoro pezvinhu zvaZiyendanakuenda zvenu—munhu wemukati.

² Zvino, tinoziva kuti kana mu—mutumbi wapodzwa, izvozvo zvinotifadza tose, nokuti tinoziva kuti zvinonyatsoratidza kuti Mwari vedu vanopodza vanorwara. Asi munhu iyeye anorwara, kana vakararama kwenguva yakareba, zvichida chakarwara zvakare, zvichida nechirwere chimwe chete chavakapodzwa, zvino izvozvo hazvibvisi kupodzwa. Chiremba anopa mushonga wemabayo, uye pamwe mushure memazuva 2 vanozofa nemabayo mushure mekunge ati vapura. Anodzoka zvakare. Asi kana mweya iwoyo wapodzwa, unenge zvino uine, Hupenyu Husingaperi, mauri.

³ Uye ndinotenda kuti tave pedyo zvikuru neKuuya kwaIshe Jesu, kuti zvakatifanira kuti tiite zvese zvatinogona kuunza mweya wese kuHumambo, uye nokuunza Humambo hwacho kuvanhu, kuti tigopodzwa pamweya yedu. Ndinotenda kuti mutumbi waJesu ndiwo mutumbi unorwara zvakananyisa wandinoziva; iwo, mu—mutumbi, mutumbi wepamweya waKristu uri panyika, uri kurwara zvikuru.

⁴ Uye zvino, hatisi kuronga kukuchengetai kwenguva yakareba yehusiku, nekuti pahusiku hwekutanga hatina nzvimbo yekuti shamwari dzedu dzinodikanwa dzigare. Tiri muchirongwa chekuvaka chechi itsva, tabhenakeri huru ipo pano panzvimbo dzino, kana chero kupi zvako Ishe kwavachatungamirira; asi sekuziva kwedu, pano.

⁵ Uye zvino takazivisa musangano, Chitatu kusvika Svondo. Asi zvino neSvondo, kuvhara tichipinda muzororo reKisimusi, asi izvo...chero papi patichaudzwa naShe kuti timire, ndiyo ichava nguva yacho iyoyo. Hatingozive chete kuti mhedzisiro yacho ichavei. Asi tichitenda kuti vanhu vari pano patabhenakeri nemachechi edu atinofambidzana

nawo (inova, imwe yawo i—itabhenakeri yeholiness paUtica, inova iyo Hama Graham Snelling ndivo mufundisi wacho, uye muNew Albany uko Hama—Hama Junie Jackson vari mufundisi, uyewo kunze mumugwagwa mukuru uko Hama Ruddell vari mufundisi), isu uye aya, machechi anofambidzana netabhenakeri ino, tiri kuedza kuunza ivo...vanhu vedu mukuyanana kuri nani naKristu. Ndicho chinangwa chedu. Saka ndasarudza kuverenga nekudzidzisa pane, kwehusiku hushoma hunotevera...

⁶ Manheru ano ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo chinoti: *Mweya Mutsvene Chii?* Uye mangwana manheru, ndinoda kuparidza pamusoro pekuti: *Ko Wakapiirwei?* Uye neChishanu manheru... Uye, kune vanorekodha, handidi kuti iyi irekodhwe Chishanu manheru: *Ndingawana Sei Mweya Mutsvene?* uye *Ndinoziva Sei Kana Ndava NaWo?* Uye zvadaro tichangorega, tobva tazooka zvatichatungamirirwa naShe, paMugovera neSvondo. Uye Svondo mangwanani, shumiro yekunamatira vanorwara, neimwe shumiro yekuvhangera yeSvondo manheru.

⁷ Uye zvino tinoda kuti munhu wose azive kuti izvo... Uye ndinoziva marekodha atori pabasa mukamuri yekumashure, uye tinoda kutaura izvi. Nokuti, mumisangano iyi yakadai, yemhando yekuvhangera, tine vanhu vanobva kumasangano akasiyana emachechi vakadzidziswa munharaunda yezvavanotenda, mumwe nemumwe. Uye zvakanaka. Handina kumbobvira ndada kuva nemhosva yekudyara kusawirirana pakati pehama. Uye kunze mumisangano, ndinongoparidza pamusoro peZvokwadi huru dzekuvhangera dzeMagwaro, pane izvo zvinotendwa nehama dzinotsigira musangano wangu. Asi, mutabhenakeri pano, ndi—ndinoda kutaura pane zvatintenda. Naizvozvo, kana mu—kana musingazvinzwisise, ndingafara zvikuru kuwana katsamba kaduku kana kagwaro kanobva kwamuri, muchindibvunza mubvunzo we—wekuti sei tichizvitenda saizvozvo. Uye ndingafara kuyedza kuzvitsanangura nepandinogonesesa napo.

⁸ Munoziva, chechi yoga-yoga, kana musina dzidziso, hamusi chechi. Munofanirwa kuva nechimwe chinhu chamunomiririra, mimwe misimboti yezvitevedzwa yamunomira nayo. Uye zvisinei nekuti munhu angawadzane nevapi kana kuve wesangano ripi, kana munhu iyeye akaberekwa neMweya waMwari, ihama yangu iyoyo kana hanzvadzi yangu, zvisinei ne... Tinogona kusiyana mune zvimwe zvinhu, sezviri mabvazuva kubva kumadokero, asi tichiri hama. Uye hapana chandingaita kunze kwekuyedza kubatsira hama iyoyo kuti ifambe pedyo, zviri nani naKristu. Uye ndinotenda kuti chero Mukristu chaiye, wechokwadi angaitawo zvimwe chetezvo kwandiri.

⁹ Zvino, ndabvunza tabhenakeri ino... Zvino, hatisi kupinda

mune izvi kungoitawo musangano wakati rebei. Ndinoda kupinda mune izvi, uye ndinoda kuti imi, uye ndakukumbirai, kuti muputse zambuko rose riri shure kwenyu, uye mogadzirisa chivi chose, nokuti tiri kuuya mune izvi nezvose zviri mumwoyo yedu nehupenyu hwedu. Tinofanira kuuya pano nechinangwa choga chokugadzirira mweya yedu Kuuya kwaShe, uye pasina chimwezve chinangwa. Uye sezvandakataura uye ndikati, kuti pamwe imwe nguva ndingadzidzisa kana kutaura chimwe chinhu chingapesana zvishoma nemumwe munhu, nzira yavakazvitenda nayo. Ini—ini handi—handina kuuya kuti ndive anopesana, munoona, nda—ndauya...Tiri pano kuti tigadzirire Kuuya kwaShe. Uye ndinofunga kuti boka duku rino...

¹⁰ Ndine dzimwe hama dzashanya dzandinadzo pano dzandinoziva, dzabva kunzvimbo dzakasiyana-siyana, uye tinofara kuva nadzo. Uye pasina kupokana kuti kune vari muungano umo, kune vamwe vanobva kunze kwedhorobha, vanobva kunze mumaguta edu madiki atinobatana nawo muno. Uye tinofara kuva nemi, uye tinokutendai zvikuru, kana muchitida zvakakwana kuti muuye kuzonzwa zvinhu izvi. Mwari...Dai maenda kumba, hama yangu, hanzvadzi, nepfuma yakapfumisisa iyo Mwari vanogona kudurura mumoyo mako, ndiwo munamato wangu.

¹¹ Uye kune tabhenakeri diki ino, ndichiona kuti ndinotenda kuti ndeimwe ine vanhu vakanakisisa vandinotenda kuti vari panyika, vanoenda kutabhenakeri ino. Zvino, handina kumbotaura kuti vanhu “vose” vakanakisisa. Ndati vamwe vevanhu vakanakisisa panyika vanoenda kutabhenakeri ino. Asi sezuva nezuva, ndichidzoka, kubva kumusangano nekuenda kune mumwe musangano, ndinoona chinhu chikuru chiri kudiwa patabhenakeri ino, chinhu chikuru chiri kudiwa mairi, uye ndiko kuzadzwa, kana kuzvitsaura, hupenyu hwakati dzamei, kufamba pedyo zviri nani naMwari. Uye ndakavavimbisa kuita izvi, kuvapa Mharidzo idzi. Uye tinofara kukuunzai mukati nekuyanana nesu paShoko raMwari, tichidzidzisa nekuedza kutsanangura.

¹² Zvino, husiku 3 hwekutanga tinenge tisiri kutora musoro wenyaya wekuperidza nezvawo, asi Mharidzo yekudzidzisa kubva muShoko raMwari.

Uye zvino, nokuti, handingakumbire ani zvake kuti aite chero chinhu chandisingazoita ini pachangu. Uye vhiki rino ranga riri Karivhari yakakwana kwandiri. Ndanga ndiri pedyo kwazvo neku—nekupera simba, sekutaura kwandingazviita, kusvikira ndapotsa ndave kutopenga. Asi ndakanyatsopira kuda kwangu kwose, nezvose zvandinoziva, kunaShe.

¹³ Humwe husiku, dzichangoti darikei pakati pehusiku, mudzimai neni, mushure mekunge tamuka, uye nekunamata

nekutura naShe, tiri pachituru chetsoka mu...kamuri yedu yekumberi, nemaBhaibheri 2 akazaruka, takazvitsaura patsva kuna Mwari, kuti tivashumire zvizere, kuti taizopira kuda kwedu pachedu, nezvose, uye nepfungwa yose yakaiya, uye nekushumira Ishe Jesu.

Uye ndinovimba kuti ndiwo anga ari maonero enyuwo, zvakare, kuti makaita zvimwe chetezvo. Zvino patiri kuuya manheru ano, tiri kuuya panzvimbo tsvene, pakati pevanhu vanga vachinamata, nekutsanya, nekugadzirisa zvavakatadza, nekugadzirira kugamuchira chimwe chinhu kubva kuna Mwari. Uye ndinozivisa kuti uyo achauya aine nzara haazoendi aine nzara, asi Mwari vachapa kudya kweChingwa cheHupenyu.

¹⁴ Zvino, tisati taverenga kubva muBhuku raVo rinoyera, ngatikotamisei misoro yedu kwechingwana kuti tinamate.

¹⁵ Ishe, pane munamato waiswa kare panzvimbo ino manheru ano. Pave ne...nziyo dzeZioni dzaimbwa nevana veNyu. Mwoyo yavo yasimudzirwa. Uye tauya pano kuti tivzitsaurire isu kwaMuri, nokuKunamatai kubva pakadzika pemweya wedu. Uye tiri kuKurangeridzai izvi, Ishe, kuti Makati paMakanga mugere pagomo uye mukadzidzisa vadzidzi veNyu, “Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yekururama, nekuti vachagutswa.” Makazvivimbisa, Ishe. Tiri kuuya manheru ano nemoyo yakazaruka. Tiri kuuya, tine nzara nenyota, uye tinozivisa kuti Muchachengeta vimbiso yeNyu.

¹⁶ Patiri kuyedza kuvhura mapeji aya akayereswa eBhaibheri, kuti tiverenge kubva maRiri izvo zviri mukati maro, dai Mweya Mutsvene waZviendesa kumoyo wose. Uye dai Mbeu iyoyo yawira pasi mukutenda kwakadzika, kwakapfuma kunobereka vimbiso yese yakaitwa neShoko. Tinzweiwo, Ishe, uye ticheneseiwo, uye mugotiyedza. Uye kana paine chinhu chisina kuchena patiri, Ishe, chero chivi chisina kureururwa, chero chinhu chisina kunaka, chizarurei iye zvino, Ishe, tichafamba takananga chaiko kunozviita, nokuti tinocherechedza kuti tiri kurarama mumimvuri chaiyo yeKuuya kwaIshe Jesu. Uye tauya, O Mwari Mutsvene, mumimvuri yekutonga kweNyu—kweNyu manheru ano, uye tiri kukumbira zvikuru kuzvipira kutsva, nekuzvitsaura, nekuzadzwa neMweya Mutsvene muhupenyu hwedu.

¹⁷ Tichiona moto werumutsiro uchitanga kudzima, ngatikandeimo huni dzeShoko, kuti Rigobatidza moto mutsva, kuti mwoyo yedu igozara neshungu. Tichenesei, Ishe, kubudikidza neShoko reNyu rinokosha neRopa reNyu, nenyasha dzeNyu, tapota. Uye kuvonga kwose nerumbidzo zvichava zveNyu. Bvisai maonero ose asiri iwo mumwoyo yedu. Ticheneseiwo, O Ishe. Tipei mwoyo yakachena, nemaoko akachena, nepfungwa dzakachena, kuti tipinde munzvimbo yeNyu tsvene, husiku nehuisiku, tichifara uye takazadzwa

neMweya weNyu. Tinokumbira izvi muZita raJesu, uye nekuda kwaKe. Amenii.

¹⁸ Ndinoshuva kuverenga Shoko iko zvino. Uye apo... Ndinokukumbirai kuti muuye nemaBhaibheri enyu, mapenzura enyu, mapepa enyu, kuitira Magwaro. Kana muchida kudaro, zvingava zvakanaka kwazvo. Uye zvino pamuri kusvika kuchitsauko 7 chaMabasa, kutanga; kupindura mubvunzo, kana kuti kutanga pakupindura mubvunzo wokuti: *Mweya Mutsvene Chii?*

¹⁹ Hapana chichakunda Satani, hapasati pambove nechinhupasi pano nazvino chingafa chakakunda Satani, seShoko raMwari. Jesu akaRishandisa muhondo yaKe huru; Akati, “Zvakanyorwa zvichinzi...”

²⁰ Uye mangwanani ano, pandakanga ndakateerera, mazuva mashoma apfuura, kunhepfenyuro yaiita sekuda kutaura kuti zvisikwa zvakangobva mune mamwe madota aipepereka pamwe chete, uye imwewo phosphate, nemakemikari mashoma emuvhu, nekudziya kwezuya kwakasika chizenga chehupenyu uye zvikaburitsa hupenyu. Hazvina kana maturo! Apo, kupenya kwezuya kwacho kunouraya chizenga chese zvacho chehupenyu. Isa chizenga muzuva, rinochiuraya pakarepo. Uye hakuna chinhu chakadaro; asi Satani achiedza kundirova nazvo izvovo. Uye mushure mekunge ndaendesa Rebekah wangu mudiki kuchikoro mangwanani ano, uye ndiri munzira kudzoka, ndatanga kubatidza redhiyo zvakare; uye ndafunga kuti ndichapinda mune zvinhu zviya zvakare, saka ndabva ndaidzimazve.

Zvino ndati ndichikwidza nemugwagwa, Satani ndokuti kwandiri, ati iye, “Unoziva here kuti Murume uyu waunoti Jesu aingovawo munhu akafanana, rimwe zuva muzuva raKe, naBilly Graham kana Oral Roberts? Aingova munhu wekuti vakatanga kuva nevanhu vashoma vaiMuunganira uye vachiti iYe Munhu mukuru, uye mushure mechinguva Akava mukuru, ndokubva Azova mumwewo—mumwewo mwari kwavari. Uye zvino zvakapararira pasi rose, kubva paAkafa, uye ndizvo zvoga.”

²¹ Ndafunga ndikati, “Uri murevi wenhema iwe!” Ndokubva ndakona ndichitoyambuka Graham Street. Ndikati, “Satani, iwe uri kutaura nehana yangu, ndinoda kukubvunza zvinhu zvishoma: Ndiani uyo vaporofita vechiHebheru vakataura nezvake kuti aizouya? Ndiyani aiva Mesiya akazodzwa? Chii chaiva pavarume ivavo vakafanoMuona uye vakataura zvehupenyu hwaKe, zviuru zve makore Asati asvika pano? Aiva ani uyo akafanozvita nemo-nemo chaimo? Zvino paAkauya, vakati, ‘Akaverengwa pamwe nevadariki,’ uye Akaverengwa. ‘Akakuvadza nokuda kwokudarika kwedu,’ uye Akakuvadza. ‘Akaita guva raKe nevapfumi, asi Aizomuka,

zuva rechitatu,' uye Akazviita. Ndokubva Avimbisa Mweya Mutsvene, uye ini ndinaWo. Saka itosva hako wabva paRiri, nokuti zvakanyorwa muShoko, uye Shoko rose nderechokwadi." Ndokuva aenda. Ingomupa Shoko, zvinobva zvaringana. Haakwanise kumisidzana neShoko iroro, nokuti Rakafemerwa.

Ngatitangei kuverenga manheru ano muchitsauko 7 cheBhuku raMabasa.

Zvino Muprisita mukuru akati, Zvinhu izvi ndizvo nhai?

Zvino akati, Varume, hama, nababa, inzwi; Mwari wokubwinya akazviratidza kuna baba vedu Abrahama, vachiri Mesopotamia, vasati vagara Harani,

Uye akati kwavari, Ibva munyika yako, nokuhama dzako, uende kunyika yandinozokuratidza.

Ipapo akabuda munyika yavaKaradhea, akagara Harani: zvino kubva ipapo, apo baba vake pavainge vafa, akamutamisa kunyika ino, yamugere zvino.

Zvino haana kumupa nhaka imomo, kwete, kunyange paangatsika norutsoka rwake: asi akamupikira kuti achamupa iyo ive yake, nekumbeu yake yaizomutevera, asati atongova nomwana.

. . . Mwari akataura sekudai, Kuti mbeu yake ichagara munyika yevatorwa; uye kuti vachavaita varanda, nokuvaonesa nhamo kwemakore 400.

Uye rudzi rwavachava varanda varwo ndicharwutonga, ndizvo zvinoreva Mwari: zvino shure kwaizvozvo vachabuda, uye vachandishumira munyika ino.

Zvino akamupa sungano yekudzingiswa: zvino Abrahama akabereka Isaka, akamudzingisa nezwa rerusere; Isaka akabereka Jakobho; naJakobho akabereka madzitateguru 12.

²² Panzvimbo iyoyi, tinoda kusvika pachidzidzo, icho chandinofunga kuti ndicho chidzidzo chakakosha kwazvo nhasi, chekuti. . . *Mweya Mutsvene Chii? Umbori Chii? Uye, zvino, chikonzero ndatora zvidzidzo izvi zvichitevedzana seizvi, haugoni kuuya kuzogamuchira Mweya Mutsvene kunze kwekunge uchiziva zvaUri. Uye haugone kuUgamuchira, kana uchiziva zvaUri, kunze kwekunge uchitenda kuti Wakapihwa kwauri, uye ndeWako. Uye, zvadaro, haugone kuziva kuti unaWo here, kana kuti kwete, kunze kwekunge uchiziva zvibereko zvaUnounza. Saka kana ukaziva zvaUri, uye kuti ndeWaani, uye kuti maitiro api aUnounza kana Wauya, zvino unozoziva kuti unei kana waUwana. Maona? Izvozvo zvinobva zvatongoita kuti zvingane.*

²³ Sezvandanga ndichitaura neHama yedu Jeffries nhasi, zvino vati, “Ndingada kuva pamusangano manheru ano, asi ndichavepo mangwana manheru.” Havana kunge vaziva kuti musangano uri kutopfuurira mberi, nokuti hatina kuzvizivisa; ipo pano chete. Vamwe ve . . . Hama Leo nevamwe vakanyorera kune dzimwe dzeshamwari dzedu ndokuvaudza, vekunze kweguta. Zvino, nekuti takanga tisina nzvimbo.

²⁴ Zvino ndati, “Hama Jeffries, kana mukandituma kuti ndibatidze mumwe wemigodhi yenyu yemafuta, uye ndisina chandinoziva nezvazvo, zvichida ndaizouputitsa. Ndinogona kubatidza kiyi isiriyo kana kumutsa muchina usiriwo. Ndinotofanira kuziva kuti ndinozviita sei ndisati ndazviita.”

Uye ndiyo nzira yacho nekugamuchira Mweya Mutsvene. Unofanira kuziva zvauri kuvinga, uye kuti unoUgamuchira sei, uye kuti iWo chii.

Zvino, chokutanga, Mweya Mutsvene wakavimbiswa.

²⁵ Taigona kutora mavhiki 10 uye torega . . . tikasatombobata panotangira chidzidzo ichi, izvo zviri Mweya Mutsvene. Asi, chekutanga, ndinoda kusvika kwazviri zvakakwana kuti ndipe chimiro chezvazviri manheru ega-ega, tozoonana manheru anotevera kana paine mibvunzo.

²⁶ Vangani vari muno vasati vagamuchira Mweya Mutsvene, vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene? Simudzai maoko enyu, munoziva kuti hamusati magamuchira. Ingotarisai maoko acho.

Zvino ndinoda kutaura pamusoro paWo, seMweya Mutsvene uri chiratidzo, nekuti iWo chiratidzo. Tinocherechedza kuti—kuti vimbiso dzese dzinopihwa kwatiri kuburikidza . . . Abrahamama aiva baba vevimbiso, nokuti Mwari vakapa vimbiso kuna Abrahamama nokuMbeu yake yaimutevera. Vimbiso yakaitwa “kuna Abrahamama nokuMbeu yake.” Uye chiratidzo ichi ndechevanhu vesungano.

²⁷ Zvino, pane musiyano mukuru pakati peMukristuwo zvake neMukristu akazadzwa neMweya Mutsvene. Uye zvino tichatora izvi kubva muGwaro, uye tozviisa muMagwaro chaimo. Chokutanga, pane Mukristu anopupura kuti Mukristu. Asi kana Mukristu uyu nazvino asati azadzwa neMweya Mutsvene, achingori chete mudanho rekuva Mukristu. Maona? Anotaura kuti anoUtenda; ari kushanda kuti aUwane, asi Mwari havasati vamupa Mweya uyu, weMweya Mutsvene. Haasati asvika padanho iroro naMwari, rekuti Mwari vazvicherechedza.

²⁸ Nokuti, izvo, Mwari vakaita sungano naAbrahamama, mushure mekunge Vadana Abrahamama, unova mufananidzo wekudanwa kwemutendi nhasi.

Vakadana Abrahamama, uye Abrahamama akabva munyika yake ndokuenda kunyika yehuyeni, kunogara pakati pavatorwa, uye ndiwo waiva mufananidzo weapo kana Mwari vadana munhu

kuti arege huipi hwake, atendeuke pachivi chake. Anotendeuka zvino kubva muboka raakanga ari, kuti agare muboka idzva, pakati pemhando itsva dzevanhu.

Zvino mushure mekunge Mwari vawana Abrahama akatendeka kuvimbiso yaakapihwa naMwari, yokuti aizova nemwana, uye kubudikidza nemwana uyu nyika yose yaizoropafadzwa, zvino Mwari vakasimbisa kutenda kwake nokumupa chiratidzo, uye chiratidzo ichocho chaiva kudzingiswa. Zvino kudzingiswa mufananidzo weMweya Mutsvene.

²⁹ Ndiyo ndima chaiyo inotevera yechitsauko chino chatabva kuverenga, kana muchida kuzvinyora pasi. Uye...Stefano akati, mundima 51:

Imi vemitsipa mikukutu...musina kudzingiswa pamwoyo nenzeve, munogara muchidzivisa Mweya Mutsvene: sezvakaita madzibaba enyu, nemiwo munodaro.

³⁰ Kudzingiswa uku mufananidzo weMweya Mutsvene. Uye Mwari vakapa Abrahama chi—chiratidzo chekudzingiswa mushure mokunge agamuchira Mwari pavimbiso yaVo ndokufamba achienda kunyika yehuyeni. Maona? Chaiva chiratidzo.

Uye vana vake vose, nembeu yake inomutevera, vanofanira kuva nechiratidzo ichi munyama yavo, nokuti waiva mucherechedzo. Chaiva chokuvapatsanura nevamwe vanhu vose, chiratidzo ichi chokudzingiswa.

³¹ Uye ndicho chinoshandiswa naMwari nhasi. Ndicho chiratidzo chekudzingiswa kwemoyo, Mweya Mutsvene, chinoita kuti Chechi yaMwari ive Chechi yakapatsanurwa kubva kune zvimwe zvitendwa zvose, zvitendero nemasangano. Vari mumhando dzose dzemasangano, asi zvakadaro vanhu vakapatsanurwa. Ndiregei nditaure nemunhu maminetsi 2, ndinogona kukuudzai kuti akagamuchira Mweya Mutsvene here kana kuti kwete; newewo unogona kudaro. Unovapatsanura. Mucherechedzo. Chiratidzo. Uye Mweya Mutsvene chiratidzo. Uye ndiwo. . .

Mwana upi zvake airamba kudzingiswa muTestamende Yekare, waiva mumvuri weMweya Mutsvene, aibviswa pakati pavanhu. Aisakwanisa kuyanana neimwe ungano yose, kana akaramba kudzingiswa.

Zvino zvifananidzei nanhasi uno. Munhu anoramba kugamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, haagone kuva nekuyanana pakati peavo vane Mweya Mutsvene. Hautongokwanise kuzviita. Unofanira kuva humwe hunhu. Sokuti, izvo. . .

³² Mai vangu vari apo vaisiti, “Dzinofura nzivani.” Zvinoka, itsumo yekare, asi ndeyechokwadi chaiyo. Hauoni njiva nemakunguwo zvichiyana. Chikafu chadzo chakasiyana. Maitiro adzo akasiyana. Zvido zvadzo zvakasiyana.

Uye ndizvo zvazviri nenyika neMukristu kana wakadzingiswa neMweya Mutsvene, zvinoreva kuti, “kucheka uchibvisa imwe nyama.”

³³ Kudzingiswa kwaingoitwa bedzi kumunhurume. Asi kana mudzimai akaroorwa nemurume, ainge ari chikamu chake, ainge akadzingiswa pamwe chete naye. Munorangarira, muna Timotio, paRakati imomo, “Asi uchaponeswa pakubereka vana, kana akagara mukutenda nehutsvene nekuzvidzora kwose.”

³⁴ Zvino, kudzingiswa. Munoziva apo... Sara paakaseka ari mutende shure kwake, pashoko reMutumwa, paye paAkati, “Abrahama,” asingazivi kuti aive ani, mutorwa, “mudzimai wako Sara, aripi?” Ko Akaziva sei kuti aiva nemudzimai?

³⁵ Sezvakataurwa naJesu, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichaita pakuuya kwoMwanakomana womunhu.” Rangarirai, zviratidzo izvozvo hazvina kupihwa kuSodhoma neGomora, munyika, pakati pevezvinamato-namato. Asi zvakapihwa kune Vasanangurwa, avo vakadanirwa kunze. Zvino Abrahamu akadanirwa kunze. Uye izwi rokuti *chechi* rinoreva kuti “vakadanirwa kunze; vakapatsanurwa,” saAbrahama akazvipatsanura uye akanga adzingiswa.

Uye ipapo Sara paakaseka kushoko chairo reMutumwa, Mwari vangadai vakamuuraya ipapo chaipo; asi haVaigona kuvhiringa Sara vasina kuvhiringa Abrahamu, nekuti vaive mumwe. Akanga ari chikamu chemurume. “Hamusisiri vaviri, asi mumwe.”

³⁶ Saka, kudzingiswa, Mweya Mutsvene nhasi unodzingisa moyo. Uye chiratidzo, chiratidzo chakapihwa.

Mumwe munhu akati rimwe zuva... Ndinongodzokorora izvi, kwete senyambo. Nokuti, ichokwadi, asi zvinonzwika senyambo. Sezvandagara ndichitaura kuti, ino haisi nzvimbo yenyambo. Asi paiva nemuJerimani mudiki uko Kumahombekombe eKumadokero, kwatakanga titori. Akagamuchira Mweya Mutsvene. Zvino akadzika nemugwagwa, zvino aifamba zvisoma, zvino aisimudza maoko ake otaura nendimi. Zvino aimhanya, nekusvetuka, nekudanidzira. Zvino akanga ari kubasa, achienderera mberi saizvozvo, zvino mukuru wake wepabasa akati kwaari, “Wanga uri kupi iwe?” Uh-huh. Ndinoda nzvimbo idzodzo dzawanga uri. Akati, “Unofanira kunge wanga uri zasi pakati peboka riya remanati.”

Iye akati, “Saka munofunga kuti vatori manati nhai?”

Iye akati, “Chokwadi, ndizvo zvavari.”

³⁷ Akati, “Zvakanaka, Ishe ngavarumbidzwe nekuda kwemanati!” Uye akati, “Munozivei? Manati anoita chikamu chikuru.” Akati, “Semuenzaniso, motokari, mukabvisa manati ese pairi, hapana chamunosara nacho kunze kwemurwi ‘wemungweje.’” Saka ndizvozvo chaizvo.

³⁸ Unotova wakasiyana chaizvo kana Mweya Mutsvene wauya pauri, kusvikira pfungwa yenyika ino haikufariri, uye vanopesana newe, uye havadi chine chekuita newe, zvachose. Wakabarwa uri weimwe Nyika. Unotongori mutorwa, zvakaipetwa kagumi kudarika zvaungava mutorwa, kana ukaenda kunzvimbo dziri kure kwazvo dzemumasango emuAfrica. Unova wakasiyana kana Mweya Mutsvene wauya, uye iWo chiratidzo. Mucherechedzo pakati pevanhu.

³⁹ Zvino, unoti, “Zvino, Hama Branham, chiratidzo ichocho chekudzingswa chakapihwa kuna Abrahamama?” Ichokwadi ichocho. “Uye nekuMbeu yake?” Hongu.

⁴⁰ Zvakanaka, zvino tichavhura kuna VaGaratia, chitsauko 3, ndima 29, uye toona kuti izvozvo zvine chekuita sei nesu. VaGaratia 3:29, uye chingoonai kuti kudzingswa uku kune chekuita sei neMurudzi, kana tiri Marudzi; izvo, nekuberekwa panyama ndizvo zvatiri.

Zvino, kutanga, ndinoda kuverenga ndima 16.

Zvino izvo zvipikirwa zvakarehwa kuna Abrahamama nokumbeu yake. (Abrahamama nembeu yake!) Haana kuti, Nekumbeu zhinji, . . .

Chero imwewo mhando ye . . .oti, “Oo, ndiri mbeu dzaAbrahamawo, zvakare.” Kwete. Ku “Mbeu,” Mbeu imwe yaAbrahamama!

. . .Kwete kumbeu zhinji, sedziri zhinji; asi seinenge iri imwe, Uye kune—kune ivo . . .Uye kumbeu yako, inova Kristu.

⁴¹ Kristu ndiye aive Mbeu yaAbrahamama. Munozvitenda here? Zvakanaka, zvino ngatitorei ndima 28 ne 29.

Hakuchina muJudha kana muGiriki, hakuchinawozve akasungwa kana akasununguka, hakuchina munhurume kana munhukadzi: nokuti isu tose tiri vamwe muna Kristu Jesu.

Zvino kana muri vaKristu, muri mbeu yaAbrahamama, uye muri vadyi venhaka maringe nevimbiso.

Tinova sei “Mbeu yaAbrahamama”? Nekunge tiri muna Kristu, zvino tinova Mbeu yaAbrahamama. Zvino Mbeu yaAbrahamama yaiva chii? Sekuti, tinogona kuenda kuna VaRoma 4 nenzvimbo dzakasiyana-siyana.

Abrahamama haana kumbogamuchira vimbiso paaive akadzingswa. Kuratidza kuti kudzingswa kwaingova

mufananidzo, akagamuchira vimbiso *asati* adzingiswa. Uye waiva mufananidzo, wekucherechedzwa kwekutenda kwake kwaaiva nako *asati* adzingiswa.

⁴² Zvino, kana tave muna Kristu, tinova Mbeu yaAbrahama uye tova vadyi venhaka pamwe naKristu, naizvozo, zvisinei kuti tiri ani, muJudha kana Murudzi.

Uye, “Mbeu yaAbrahama,” Mbeu yaAbrahama ine kutenda kwaAbrahama, uyo anatora Mwari paShoko raVo. Zvisinei nekuti Ringaita sehupenzi zvakadii, kuti unozvibata zvisina kujairika zvakadii, kuti Rinokuita asinganzwisisike zvakadii, tora Mwari paShoko raVo zvisinei nechero chii zvacho.

⁴³ Abrahama pamakore 75 okuberekwa, naSara ane 65, vakatora Mwari paShoko raVo, ndokudaidza chero chii zvacho chaipesana naRo sokunge chaive chisipo. Munofunga kuti vanachiremba vakafungei, vezuva iroro? Munofunga kuti vanhu vakafungei, pavakaona harahwa, ine makore 75 ekuberekwa, ichifamba-famba ichirumbidza Mwari, akanga ari “kuzova nemwana” nemudzimai wake, uye iye aine makore 65 okuberekwa, angaite makore 25 apfuura nguva yekuguma kubereka? Asi, munoona, zvinoita kuti uite zvisinganzwisisike, kutenda kwaAbrahama.

⁴⁴ Uye kana wadzingiswa neMweya Mutsvene, Unoita zvimwe chetezvo kwauri. Unokuita kuti uite zvinhu zvawaisafunga kuti ungaita. Unokuita kuti utore vimbiso yaMwari uye utende Mwari.

⁴⁵ Zvino, iWowo zvakare, kunze kwekuva vi-vimbiso nechiratidzo, iWo chisimbisowo zvakare. Zvino kana muchida kuenda neni kuVaRoma. Kutanga, ndinoda kuti muende neni kuna VaEfeso 4:30, uye ngativerengei pano kwechinguvana. VaEfeso 4:30 inotaura izvi.

Zvino, makanzwa vanhu vazhinji kwazvo vachitaura kuti zvinhu zvakasiyana-siyana zvisimbiso. “Kana ukapinda muchechi, une chisimbiso chechechi.” Uye vamwe vanhu vanoti, “Kuchengeta rimwe zuva, zuva resabata, ndicho—ndicho chisimbiso chaMwari.” Vamwe vavo vanoti, “Kana tikaisa hunhengo hwedu mune rimwe sangano, tinosimbisirwa muHumambo hwaMwari.”

⁴⁶ Zvino, Bhaibheri rakati, “Shoko remunhu wose ngarive renhema, uye raMwari rive Chokwadi.” Zvino, VaEfeso 4:30 inoverengwa sekudai:

*Zvino regai kuchemedza Mweya Mutsvene
waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva
rokudzikinurwa.*

⁴⁷ Ndichatoti omesei zvishoma pane izvi zvino, kuzvitsanangura. Zvino, imi hama dzemutemo chimbonyararai zvishoma. Maona? Makacheredza here kuti chisimbiso

ichocho ndechekusvika riini? Kwete kusvikira parumutsiriro rwunotevera, kusvika panguva inotevera apo chimwe chinhu chakanganisika. “Kusvika pazuva rerudzikinuro rwako,” ndiko kureba kwenguva yaunenge wakaiswa chisimbiso. “Kusvika pazuva rerudzikinuro rwako,” paunodzikinurwa kuti uve naMwari, ndiko kureba kwenguva yaunosimbiswa neMweya Mutsvene. Kwete kubva parumutsiriro kuenda pane rumwe rumutsiriro; asi kubva muna Ziyendanakuenda kuenda muna Ziyendanakuenda, wakasimbiswa neMweya Mutsvene.

Ndizvo zviru Mweya Mutsvene, Chisimbiso chaMwari, chekuti Vakawana...wakawana nyasha pamberi paVo, uye Vanokuda, uye Vanokutenda, uye Vakaisa chisimbiso chaVo pauri. Chisimbiso chii? Chero ani zvake...Handiti, *chisimbiso* chinotsanangura kana kureva kuti “basa rakapera.” Amen. Mwari vakakuponesa, vakakutsvenesa, vakakunatsa, vakakuwanira nyasha, uye vakakuisa chisimbiso. Vakapedza. Uri chinhu chaVo kusvika zuva rerudzikinuro rwako. *Chakasimbiswa* “ibasa rakapera.”

Mweya Mutsvene chii? Chiratidzo. Tichapinda mazviri mushure mechinguva, mune imwe Mharidzo, chiratidzo chakataurwa nezvacho naPauro. Ndimi dzaiva chiratidzo kuvatendi, kana kune, vasingatendi.

⁴⁸ Zvino cherechedzai, asi, mune izvi, Mweya Mutsvene chiratidzo. Ndoreva...Uye Mweya Mutsvene chisimbiso. Chiratidzo icho Mwari vakapa kuvana vaVo vakasarudzwa. KuUramba, kubviswa pakati pavanhu; uye kuUgamuchira, kusiyananenyika nezvinhu zvose zvenyika, nekuva chinhu icho Mwari vakaisa chisimbiso chekubvumira.

⁴⁹ Ndaimboshanda kuzvitima kunze uko paHarry Waterberry, zvino taienda kunoisira zvinhu mutiroko. Munin'ina wangu, Doc, akamira kumashure uko, anobatsira kuisa zvinhu mumatiroko. Kana tiroko richiiswa zvinhu, vanopinda nemutiroko iroro, inisipekita, uye kana akawana chero chinhu chakaregedzeka, pachingadonha nekupwanyika, kana chero chii chingaparadza; haaisi chisimbiso patiroko iroro kusvikira tiroko racho razadzwa zvakanwana, kusvikira ranyatsozadzwa uye ranyatorongedzwa, zvekuti kuzunguzika pakufamba hakuzovhiringidza zvinhu zviru mukati.

⁵⁰ Ndiro dambudziko tisingaiswi chisimbiso zvakananyanya; takanyanya kuregedzeka pazvinhu. Kana Inisipekita achipfuura nepo, kuti aongorore hupenyu hwako, kuti aone kana usina kungoregedzeka zvisoma pazvinhu, kakungoregedzeka pahupenyu hwako hwekunamata, kakuregedzeka pahasha idzodzo, kuregedzeka zvisoma parurimi irworwo, uchitaura pamusoro pevamwe, haAmbofa akaisa chisimbiso patiroko iroro. Dzimwe tsika dzine tsvina, zvimwe zvinhu zvakanashata,

pfungwa dzezvinyadzi, haAkwanise kuisa chisimbiso patiroko racho.

Asi kana Akawana zvose zviri panzvimbo yazvo, Inisipekita, anobva Arisa chisimbiso. Ngapasawane mumwe munhu anovhura chisimbiso ichocho kusvika tiroko iroro rasvika kwarinogumira kwarakaisirwa chisimbiso! Hezvoka izvo. “Musabata vazodziwa vaNgu; musaitira vaprofitu vaNgu zvakaipa. Nokuti Ndinoti kwamuri, zviri nani kwauri kuti guyo risungirirwe pamutsipa wako, uye wonyudzwa zasi pakadzika pegungwa, pane kutomboedza kugumbura kana kuzunungutsa zvishoma pane vadiki ava vakaiswa chisimbiso.” Munoono zvazvinoreva?

⁵¹ Ndizvo zviri Mweya Mutsvene. Ndicho chivimbo chako. Ichengetedzo yako. Ichapupu chako. Chisimbiso chako. Chiratidzo chako, chokuti, “Ndakananga Kudenga. Handinei nekuti dhiyabhore anoti kudii! Ndakananga Kudenga. Sei? Akandisimbisa. AkaUpa kwandiri. Akandisimbisa muHumambo hwaKe, uye ndakananga muKubwinya! Regai mhengo dzivhuvhute, regai Satani aite zvaanoda. Mwari vakatondiisa kare chisimbiso kusvikira zuva rerudzikinuro rwangu.” Amen! Ndizvo zviri Mweya Mutsvene. Oo, unofanira kuUda. Handaikwanisa kuenderera mberi ndisinaWo. Zvakawanda zvinogona kutaurwa ipapo, asi ndine chokwadi chekuti munoziva zvandiri kutaura nezvazvo.

⁵² Zvino, zvakare, ngativhurei kuna Johane 14, kwechinguvana. Ini ndinongorida Shoko iri! Ichokwadi.

⁵³ Zvino, Mweya waMwari, Mweya Mutsvene, Mweya Mutsvene chii? Ndiwo Mweya waKristu uri mauri. Zvino, tisati taverenga, ndinoda kutaura mashoko mashoma okutsanangura pano. Mweya Mutsvene chii? Chisimbiso. Mweya Mutsvene chii? Isungano. Mweya Mutsvene chii? Chiratidzo. Mweya Mutsvene chii zvino? Iwo ndiwo... Mweya waJesu Kristu uri mauri. Maona? “Kwechinguvana,” Jesu akadaro, “uye nyika haizoNdionazve; asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Mweya waMwari muChechi yaVo!

⁵⁴ Kuitirei? Vakazviitirei? Izvi ndezvimwe zvishoma zvechidzidzo chemangwana manheru. Asi Vakazviitirei? Sei iVo, sei Mweya Mutsvene... Chii, chii chaWakauyira? Chii chaWakauyira mamuri, chii chaWakauyira mandiri? Kwaiva kuti uenderere mberi nemabasa aMwari.

⁵⁵ “Ndinogara ndichiita izvo zvinofadza Baba vaNgu. Handina kuuya kuzoita kuda kwaNgu pachaNgu, asi Baba vakaNdituma. Uye Baba vakaNdituma vaneNi; uye sekutumwa kwaNdakaitwa naBaba vaNgu, neniwo Ndinokutumai.” Oo, ini zvangu! Baba vakaMutuma, vakapinda maAri. Baba vakatuma Jesu vakauya vari maAri, vakashanda kubudikidza nemaAri.

Jesu anokutuma, anoenda newe uye ari mauri. Zvino kana Mweya iwoyo, wairarama muna Jesu Kristu, wakaMuita kuti aite pamwe nekuzvibata nenzira yaAkaita, uchava nekumwe kunzwisisa kwekuti Uchaita sei kana Wava mauri, nokuti Hupenyu ihwohwo haugoni kushanduka. Huchaenda huchibva pamutumbi huchienda pane mumwe mutumbi, asi haUkwanise kushandura hunhu hwaWo, nekuti iWo ndiMwari.

⁵⁶ Zvino muna Johane 14, ngatingoverengei zvisihoma, kutangira pandima 10.

Munotenda here...kuti ndiri muna Baba, naBaba vari mandiri? mabasa...mashoko andinoreva kwamuri handiarevi pachangu: asi Baba vanogara mandiri, ndivo vanoita mabasa acho.

Fungai nezvazvo. Zvino:

Nditendei kuti ndiri muna Baba, naBaba vari mandiri: kana kusi kudaro nditendei nokuda kwemabasa acho chaiwo.

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Uyo anotenda kwandiri, mabasa andinoita naiyewo...zvakare; uye achaita mabasa makuru kuna awa; nokuti ndinoenda kuna Baba vangu.

Hamusi kuona here? Munoono matauriro aAkaita ipapo? Zvino tarisai izvi, kuti izvi zvinobuda sei. Ndichaverenga mberi zvisihoma. Tichaverenga tichidzika kusvika pandima yechi 20. “Uye chipi nechipi chamuchakumbira mu...” Ngationei, ndange ndine...Hongu. Uh-huh. Ndizvozvo.

Zvino Chinhu chipi nechipi chamunokumbira muzita rangu, ndichachiita, kuti baba vakudzwe muMwanakomana.

Kana mukakumbira chero chinhu chipi muzita rangu, ndichachiita.

Kana imi muchindida, chengetai mirayiro yangu.

Uye Ndichakumbira Baba, (zvino tarirai) zvino vachakupai mumwe Munyaradzi, kuti agare nemi nokusingaperi;

Kunyangwe Mweya wechokwadi; uyo nyika haugoni kugamuchira, nokuti haimuoni, kana kumuziva: asi imi munomuziva; nokuti agere nemi, uye achava mukati menyu.

⁵⁷ Ndiani Mweya iwoyo zvino? Mweya Mutsvene chii? NdiKristu mauri. Munyaradzi, ndiwo Mweya Mutsvene. “Zvino kana Munyaradzi auya, Achaita zvinhu zvimwe chete zvaNdakaita Munyaradzi ari maNdiri. Ndichakumbira Baba, uye Vachakupai Munyaradzi uyu. Munoziva Munyaradzi wacho. Nyika haiMuzivi, haizombomuzivi. Asi munoMuziva nokuti

Anogara zvino nemi,” Jesu achitaura, “asi Achava mamuri.” Hezvoka izvo, ndiye Munyaradzi, “achava mamuri.”

Handingakusiyei musina nyaradzo: ndichauya kwamuri.

“Handisi kuzo . . .” Zvino, ndiye Munyaradzi, Kristu. Ndizvo zviri Mweya Mutsvene, ndiKristu.

Asi muchinguva chiduku, *nyika haichazondioni* zvakare; *asi imi muchandiona: nokuti* ndinorarama, imi . . .munoraramawo zvakare.

⁵⁸ Oo, taigona kuramba tichienderera mberi; asi, kukuzivisai. Iwo chii? Ndiwo chisimbiso. Ndiwo chiratidzo. Ndiwo Munyaradzi. Munoono zvose zvaUri? Mbeu yaAbrahama inogara nhaka yaWo.

⁵⁹ Zvino ngationei zvakare kuti . . . chii chimwezve chiri Munyaradzi. Ngatiendei kuna Johane Wokutanga 16:7, tione kana Usiri Murevereri, zvakare. Munoziva chinonzi murevereri, kureverera. Tine Murevereri. Tinozviziva izvozvo. Johane Wokutanga chitsauko 16 . . . Oo, imbomirai zvisihoma, ndine hurombo. Mutsvene Johane, ndiyo, 16:7. Ndine hurombo. Zvokwadi ndine hurombo ndataura izvozvo. Ndazviverenga zvisirizvo pangu . . . ndatora 16:7.

Zvisinei hazvo *ndinokuudzai* zvokwadi; zvakakuringanirai *kuti ndiende: nokuti kana* ndikasaenda, *Munyaradzi haangayyi kwamuri; asi kana* ndikaenda, *ndichamutumira kwamuri.*

Uye *kana asvika*, achatsiura *nyika pamusoro pezvivi*, *napamusoro pokururama*, *napamusoro pokutongwa:*

Pamusoro pezvivi, nokuti havatendi mandiri;

Pamusoro pokururama, nokuti ndinoenda kuna Baba, uye imi hamundioni zvakare;

Pamusoro pokutongwa, nokuti muchinda wenyika ino atongwa kare.

⁶⁰ Ini zvangu! Zvino, Murevereri, anowanikwa muna—muna Johani Wokutanga 2:12. Zvino ngatizviverengei, kwechinguvana, Johane Wokutanga 2:12. Ruregerero, Johane Wokutanga . . . 1 ne 2, ndizvo. Ndine izvi zvakanyorwa pasi, Johane Wokutanga 2:1 kusvika 2.

Vana vangu vaduku, ndinokunyorera i zvinhu izvi, kuti imi murege kutadza. Uye kana munhu akatadza, tino murevereri kuna Baba, Jesu Kristu akarurama:

Ndiani Murevereri? Jesu Kristu wakarurama.

Zvino ndiye—ndiye mudzikinuri wezvivi zvedu: uye kwete wezvedu bedzi, asi zvakare wezvivi zvenyika yosewo.

⁶¹ Mweya Mutsvene chii? Murevereri. Chii chinaitwa ne... Murevereri chii? Chii chaUnoita? Unova murevereri. Une tsitsi. Iwo, Unomira panzvimbo yako. Iwo, Unoita zvinhu zvausingagone kuita. Iwo, ndiWo—ndiWo rudzikinuro rwezvivi zvako. Ndiwo kururama kwako. Ndiwo kupodzwa kwako. Ndiwo Hupenyu hwako. Ndiwo rumuko rwako. Ndiwo zvose Mwari zvavainazvo kwauri. Ndiwo Murevereri.

⁶² Taigona sei kupinda muhudzamu nazvo uye tonyatsozvitsanangura, kuti paU—Unoreverera nekuda kwekusaziva kwedu. Dzimwe nguva kana...tine Mweya Mutsvene, tinopinda mune chimwe chinhu nokusaziva. Mweya Mutsvene uripo kuti utireverere. Ndiwo Murevereri wedu. Unomira...Ndiwo Gweta redu. Unomira ipapo wotikumbirira. Hatizvikumbirire isu pachedu, nokuti Mweya Mutsvene uri matiri unotikumbirira. Mweya Mutsvene uchitaura, dzimwe nguva nemashoko ausinganzwisise iwe, uye Unotireverera. Ndizvo zviri Mweya Mutsvene.

⁶³ Pandinofamba ndichipinda mune chero chinhu chipi, ndi—ndinofamba semwana mudiki; unofamba somwana mudiki. Isu, tiri kufamba munyika ine rima izere nevavengi, izere nezvivi, izere nemiteyo, izere nezvese.

Unoti, “Oo, ndinotyia. Ndinotyia kutora hupenyu hweChikristu. Ini, ndinotyia kuita *izvi*. Ndinotyia kuti ndichaita *izvi*.”

Usatya. Tine Murevereri. Amen. Oo, Anomira nesu. Ari matiri, uye Anotireverera. Mweya Mutsvene, nguva dzose, nguva dzose uchitireverera, nguva dzose. Ndiwo Murevereri wedu. Oo, tinotenda Mwari zvikuru nokuda kwaizvozvo!

⁶⁴ Chisimbiso, chiratidzo, Mweya weHupenyu, Mwari veKudenga, Munyaradzi, Hupenyu, Murevereri. Ko iWo chii? Oo, ini zvangu! Taigona kuenderera kwemaawa nazvo.

⁶⁵ Zvino tava kumbochinja kwechinguvana bedzi. Zvino tava kubvunza zvino... .

Wakavimbiswa kwatiri mumazuva ekupedzisira! Iye Murevereri uyu, chisimbiso, vimbiso, zvose zvatataura pamusoro paWo manheru ano, nezviuru 10 zvakapetwa kakawanda, Wakaitwa vimbiso kwatiri muzuva rokupedzisira.

Vakanga vasinaWo muzuva iroro. Vakangova nechisimbiso munyama yavo, semucherechedzo nechiratidzo, vachitenda kuti Waiuya, uye vakafamba nomumumvuri wemurairo. Izvo, ivo vaive vakadzingiswa panyama.

⁶⁶ Nhasi hatifambi nemumvuri wemurairo. Tinofamba nesimba rerumuko. Tinofamba nesimba reMweya, Unova chisimbiso chedu chechokwadi, Murevereri wedu wechokwadi, Munyaradzi wedu wechokwadi, chiratidzo chedu chechokwadi chokuti takaberekwa kubva Kumusoro; vanhu vakasiyana,

vasinganzwisisiko, vachiita zvisinganzwisisiko, vachitora Mwari paShoko raVo, vachiti zvimwe zvose handizvo. Shoko raMwari ndiro rakarurama. Ndizvo...Oo, ini zvangu! Ndizvo zviri Mweya Mutsvene.

⁶⁷ UnoUda here? Haungade here kuva naWo? Ngationei kana Wakavimbiswa.

Zvino ngatidzokerei kuna Isaya, Bhuku raIsaya. Ngatitorei chitsauko 28 chaIsaya. Zvino tave kuenda kuna Isaya 28, uye tichatanga kuda pa...Ngatitorei ndima 8, toona zvakataurwa naIsaya, makore 712 Usati wauya.

⁶⁸ Tinogona kutaura zvakawanda pamusoro peizvi, kudzokera, nzira yese kumashure, asi tichangotangira ipo pano toona kana Wakavimbiswa kuChechi. Izuva ripi raWaifanira kuuya? Pamazuva ekupedzisira, pakuchange kuine hu—huori. Zvino rangarirai, shoko racho riri muhuzhinji, “mazuva,” mazuva 2 okupedzisira, makore 2,000 okupedzisira.

Zvino, zvino ndima 8.

Ose, *nokuti matafura ose azere ne...* tsvina, zvekuti *hapana nzvimbo yakachena.*

⁶⁹ Tsvagai nhasi kuti muzviwane. Tarisai kwese hako muone kana tiri muzuva iroro. “Matafura ose!” Handiti, vanoenda kuChirairo chaShe, uye chinhu chekutanga, pane zvepanyama, vanotora chimedu chechingwa chakare kana kabhisikiti kane munyu, uye vochimedura vogadzira chirairo. Apo, chichifanira kugadzirwa nemaoko eMweya Mutsvene, nechingwa chisina mbiriso. Kristu haana tsvina nehuyanga, uye icho chinomiririra iYe.

⁷⁰ Chimwe chinhu, vanochipa kuvanhu vanonwa, vanonyepa, vanoba, vanoputa, vanotsenga fodya, (fiyuu!) chingori chinhu chese-chese, chero bedzi vari nhengo yechechi. Ngazvisave saizvozvo! Kana munhu ari azochitora patinenge tichidya ichi pano, ari kufema nekuzvinwira kutongwa, asinganzveru Mutumbi waShe. Kana asingararame hupenyu hwacho, garira kure nacho.

Uye kana ukasachitora, zvinoratidza kuti hana yako ine mhosva. “Uyo asingadyi, haana mugove neNi,” Jesu akadaro.

⁷¹ Asi matafura ose aJehovha azara netsvina. Hapana imwe nzvimbo yakachena. Teerera, kana izvozvo zvisingafananidzire nhasi!

Ndianiko waacha...ndiani waachadzidzisa ruzivo?
uye *ndianiko waangaita...kuzwisisa dzidziso?...*

...ndianiko anganzwisisa ruzivo?...ndianiko waangaita kuti anzwisise dzidziso?...

“Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe, ndiri muPresbyteriani. Ndiri muMethodisti. Ndiri muPentekosti. Ndiri muNazarene.

Ndiri muPilgrim Holiness.” Izvozvo hazvina kana zvazvinoreva kuna Mwari; ingoriwo imwezve tafura.

...ndianiko wandichazivisa dzidziso? . . .

⁷² Imhandoi yedzidziso; Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Pentecosti? Dzidziso yeBhaibheri!

...ndianiko wandichazivisa dzidziso? . . .

⁷³ Unoziva sei kana waUwana? Tichapinda mazviri neChishanu manheru. Maona?

...ndianiko wandichazivisa dzidziso? (zvino tarirai)
ivo *vakarumurwa pamukaka, vakabviswa pazamu.*

⁷⁴ Vana vadiki vanoti, “Zvinoka, ndinoenda kuchechei, amai vangu vaiva vemuchechei ino.” Handina chandinopesana nazvo, hama mudikani. Uye ndinoona kuti izvi zviri kuiswa patepi. Zvakana, iva wemuchechei yaamai. Asi, teerera, amai vakafamba mune chimwe chiedza, iwe uri kufamba mune chimwe.

⁷⁵ Luther akafamba mune chimwe chiedza; Wesley akafamba mune chimwe. Wesley akafamba mune chimwe chiedza; Pentekosti ikafamba mune chimwe. Asi tiri kufamba pane chiri pamusoro peichocho nhasi. Uye kana paine chimwe chizvarwa, chichatipfuura isu.

⁷⁶ Kare mumazuva okutanga, apo chinhu chakanga chakapamhama, chakapamhama zvikuru, Luther akadzidzisa kururamiswa nokutenda. Kwaingova kuunza vanhu kubva muchiKatorike vachipinda muchiProtestanti, mukuyanana paShoko. Kururamiswa nokutenda, yakanga iri nharaunda huru yakapamhama. Havana kumbosuduruka kubva ipapo.

⁷⁷ Kwakabva kwauya rumwe rumutsiro rwunonzi John Wesley. Rwakavazunguza kubva ipapo, ndokuisvitsa zasi pakuchenewa, kurarama hupenyu hwakanaka, hwakachena, hutsvene, hwakacheneswa neShoko raMwari, hunopa mufaro mumoyo mako. Izvozvo zvakazunguza dzidziso zhinji dzechiLutherani.

⁷⁸ Zvino kwakauya Pentekosti nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye zvikatesva zvakare, nokugamuchira Mweya Mutsvene. Ndizvozvo.

Uye zvino zvakachitanga kuzunguzika. Uye zvipo, nekudzoreredzwa, uye Mweya waMwari wakapinda, muhuzaro hwezviratidzo nezvishamiso, muChechi, uye zvikazunguza Pentekosti. Chii ichocho? Tava pedyo zvikuru neKuuya kwaIshe Jesu, kusvikira Mweya chaiwo wakanga uri maAri wave kushanda muChechi, uchiita zvinhu zvimwe chetezvo zvaAkaita paAiva pano panyika. Hazvina kubvira zvamboitika chero hako, kubva panguva yevaapostora kusvika panguva ino.

Sei? Munoona, yakapamhama; yotetepa, yotetepa, yotetepa. Chii ichochi? Soruoko rwako rwuchiuya kumumvuri; iro bvuri, bvuri, bvuri. Asi chii? Ichadzera. Luther aiva chii? Chadzera chaKristu. Wesley aiva chii? Chadzera chaKristu.

⁷⁹ Tarisai, zera raBilly Sunday richangopera. Rimwe zuva, mutana Chiremba Whitney, vakadzidzisa ipo pano papurupiti ino, wekupedzisira weavo vaitenda zvekare, vakafa, pamakore angangoita 90, ndinofungidzira. Billy Sunday aive werumutsiriro kumachechi ezita muzuva rake. Aisazengurira; aisimuka ipapo odanidzira, “Imi mose maMethodisti huyai mutendeuke, vaparidzi nevose! Imi maBaptisti mose huyai mutendeuke! Imi maPresbyteriani!” Aisazengurira. Ndiye aiva Billy Graham wezuva rino.

⁸⁰ Cherechedzai. Uye zvakare, panguva imwe chete iyo chechi yezita yakanga ine rumutsiriro rwayo, chii chakaitika? VeEvhangeri Rakazara vakanga vaine rumutsiriro. Kukabva kwauya hama dzekwaBosworth, Smith Wigglesworth, naChiremba Price, Aimee McPherson, vose ivavo.

Tarisai, Smith Wigglesworth akafa humwe husiku. Chiremba Price vakafa mangwanani akatevera acho. Mumaawa 24 ndakanga ndava mumunda wekuvhangera.

⁸¹ Zvino magumo angu ava kuswadera. Tarisai... Hamuchanzwi zvakawanda nezvaBilly Graham. Hamuchanzwe zvakawanda nezvaOral Roberts. Ndiri kuona misangano yava kupera. Chii chiri kunetsa? Tava kumagumo, rimwe zera.

⁸² Billy Sunday akapinda sei, nevamwe ava? Vakauya mushure merumutsiriro rukuru rwaMoody. Moody akapinda riinhi? Rumutsiriro rwaKnox rwuchangopera. Ko Knox akapinda riinhi? Rumutsiriro rwaFinney rwuchangopera. Finney mushure maCalvin, Calvin mushure... Saka, Wesley, naWesley mushure maLuther. Zvichienda zvichidzika nemuzera ndokuuya. Panongopera rumutsiriro rumwe, Mwari vanosimudza rwumwe uye uye wowedzera chimwezve Chiedza; zvinongoramba zvichifamba sokudaro.

⁸³ Zvino tave pamagumo enguva ino. Munhu mumwe nemumwe akatarisa kumagumo emharadzano yake kune Kuuya kwaKristu, asi vaive nezvakawanda zvekutarisira kwazviri; kudzoka kwemaJudha, zvienda zvinobhururuka muchadenga, zvinhu zvose zvatinoona nhasi. Asi tave kumagumo. Tasvika zvino. Vaiziva kuti Chechi yaizogamuchira Simba raizoshanda muChechi mabasa mamwe chetewo aKristu, nekuti mumvuri paunowedzera kusviba nekusviba, wobva wawedzera kuratidza.

⁸⁴ Iwe ukatora mumvuri. Kure hako nemumvuri, unowana chadzera chishoma chemumvuri. Mushure mechinguva, mumvuri unoswadera pedyo nepedyo, kusvikira muti nemumvuri zvava chinhu chimwe chete.

⁸⁵ Zvino, Mweya waMwari wakashanda pasi pekururamiswa, pasi paLuther; kucheneswa, pasi paWesley; rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, pasi pePentekosti; uye heunoi Uyu muzuva rokupedzisira, uchibata nokuita zvinhu zvimwe chete zvaWakaita paWakanga uri muna Kristu. Chii ichochi? Chechi naKristu vava Mumwe.

Uye paVanongobatana pamwe chete, chibatanidzo ichochi chekupedzisira, Ichapfuura nemuchadenga, ichidanidzira. Wesley achamuka, Luther, nevamwe vose vekumashure mumazuva iwayo, “uyo achava wekutanga achava wekupedzisira, uyo wekupedzisira achava wekutanga,” zvino kuchazouya rumuko.

⁸⁶ Tave panguva yekupedzisira. Teererai, ndizvo zvinoitwa neMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene, nekururamiswa, mumuona, unongori mumvuri unongoonekera waWo; Mweya Mutsvene, nekucheneswa, mumvuri wakati wedzerei kusviba waWo; Mweya Mutsvene, nerubhabhatidzo rwaWo, mumvuri wakawedzera kusviba; zvino Mweya Mutsvene, nekudzoreredzwa kwaWo Mbune uchinge uri pano, uchiita zviratidzo nezvishamiso sezvaWakaita pakutanga. Fiyuu! Girori! Muchandidana kuti “muumburuki mutsvene,” zvisinei, mochtongotanga zvenyu iko zvino.

⁸⁷ Teererai, hama, teererai kune izvi.

. . . matafura ose azere namarutsi . . . hapana nzvimbo yakachena.

Ndianiko waachadzidzisa ruzivo? . . . ndianiko waachazivisa, kunzwisisa dzidziso? iwo vakarumurwa pamukaka, uye vakabviswa pazamu.

Kwete vacheche; vacheche vePresbyteriani, vacheche veMethodisti, vacheche vePentekosti, vacheche veLutherani, vacheche veNazarene. Vanoda mumwe munhu ari kuda kubva pamazamu zvino ody nyama yakasimba. Hero rouya:

Nokuti chirevo chinofanira kuva pamusoro pechirevo, . . . pamusoro pechirevo; mutsara pamusoro pomutsara, . . . pamusoro pemutsara; apa zvishoma, napapo zvishoma:

Ndichataura navanhu ava nemiromo inokakama uye nedzimwe ndimi.

Akati kwavari, Iri ndiro zororo iro muchazorodza naro vakaneta; zvino uku ndiko kuvandudzwa: asi vakaramba kuteerera.

⁸⁸ Mweya Mutsvene, kana isiri iyo nzira chaiyo yaWakauya nayo neZuva rePentekosti, waporofitwa makore 712 Usati wauya! Heunoi uYu paZuva rePentekosti, wakauya chaizvo saizvozvo.

⁸⁹ Mumwe munhu akati, “Kuchengeta zuva resabata.” Handisi kuramba kana kurerutsa chechi yemumwe munhu kana chitendero. Asi akati, “Zuva resabata, sabata raMwari rakanga riri zuva rokuzorora.”

Herino ka iri zuva rekuzorora. “Iri ndiro zororo racho,” Akati, “kuti mugoita kuti vakaneta vazorore.” Herino iri. Ameni! “Richava chirevo pamusoro pechirevo, mutsara pamusoro pemutsara.” Herinoi iri zororo. Mweya Mutsvene chii? Zororo racho. Oo!

Uyai kwandiri, imi mose makaneta makaremerwa, uye ndichakuzorodzai.

⁹⁰ Iwo chii? Iwo waCho unouya mauri, wokupa rugare; chiratidzo chako, Munyaradzi wako; wonyaradzwa, wakazorora, wakasimbiswa.

⁹¹ Uri kuzodii...? Chiratidzo; nyika inoziva kuti pane chakaitika kwauri. Ko iWo chii? Ndiwo Munyaradzi. Ko iWo chii? Chisimbiso. Wakazorora. Une...Ndiwo Murevereri wako. Kana, iwe, chimwe chinhu chikaitika kwauri, pane Chimwe chinhu chiripo kuva murevereri wako nokukurumidza chaiko, munoono, chichireverera. Mweya waMwari unogara muChechi, wakaropofita chaizvo zvaUchange uri kana Wauya. Rinozova zororo rekusingaperi, raZiyendanakuenda.

⁹² Mwari vakasika nyika. VaHebheru, chitsauko 4. “Mwari vakasika nyika, uye vakazorora nezuva rechinomwe.” Ndizvozvo.

Zuva rechisere rakadzokazve, pasi...Vakaripa iroro kumaJudha sesungano, kwenguva yakatarwa. Ndizvozvo. Asi vanoenda kunozorora zuva 1; vodzokera, zuva rekutanga revhiki, kutangidza zvakare, patsva, kutangidza. Handiro zororo rakataurwa nezvaro naMwari.

Mwari pavakasika nyika mumazuva 6, paVakaenda kunozorora, Vakazorora kubva ipapo zvichienda mberi. Ndizvozvo. Zvakabva zvaringana. Havana kudzoka pazuva rechisere ndokutanga zvakare.

⁹³ Waingova mumvuri chete. Zvino, wakanga uri mufananidzo, sezviri mwedzi kuzuva; asi kana zuva rabuda, hatichadi mwedzi zvachose. Zvino cherechedzai izvi, oo, muna Zvakazarurwa 11, “Mukadzi ane mwedzi pasi petsoka dzake, nezuva pamusoro wake.” Oo, taigona kupinda nemuBhaibheri rose, kubva kukavha kuenda kukavha, ndokuratidzai. Maona?

⁹⁴ Asi chii? Apo, Bhaibheri parakati muna VaHebheru chitsauko 4, “Dai Jesu ainge akavapa zuva rekuzorora, mushure mazvo Angadai akazotaura nezvaro; Angadai akataura nezverimwe zuva rekuzorora.” Izuva ripi raAkataura pamusoro paro, zororo?

Uyai kwandiri, imi mose makaneta makaremerwa, ini ndichakupai zororo.

⁹⁵ Mateo chitsauko 11, ndima 22...Tarirai, zvino, tinozviona patinouya kwaAri. “Nekuti iye,” yakadaro VaHebheru 4, “akapinda muzororo raJesu, akazorora pamabasa ake enyika, sezvakaita Mwari pane aVo,” uye paVakasika nyika, ndokusazodzokera kwairi zvakare. Kwenguva yakareba sei? Wakasimbiswa neMweya Mutsvene kwenguva yakareba sei? “Kusvikira pazuva rerudzikinuro rwako.” Heroka zororo racho iro, nyaradzo, Murevereri, chisimbiso, Mudzikinuri. Oh! Ndinonzwa sekuti farei, kana kuti ndinoita sekuropafadzwa. Oo!

⁹⁶ “Rakavimbisirwa isu here, Hama Branham? Zvakatsigirwa neBhaibheri here?”

Zvakanaka, ngatiendei kuna Joere, tinzwe kuti Joere akati kudii pamusoro paRo.

Ndinotenda zvikuru nokuda kweShoko raMwari rakaropafadzwa! MunoRida here? Ndinofunga kuti dai ranga risiri Shoko, handizivi kuti taizomira papi. Zvakanaka.

Tave pana Joere zvino. Tiri kuenda kuna Joere, chitsauko 2 chaJoere, uye tichatangira pandima 28. Joere 2:28, makore 800 Kristu asati auya, muporofita ari muMweya. Zvino teererai.

Zvino zvichaitika kuti shure kwaizvozvo, ndichadurura Mweya wangu pamusoro penyama yose; ...vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita, vatana venyu vacharota hope, namajaya enyu achaona zviratidzo:

Uye zvakare ndichadururawo pamusoro pevaranda vangu napamusoro pemurandakadzi wangu mumazuva ano...kudurura, mweya wangu, mumazuva iwayo.

Uye ndicharatidza *zvishamiso* kumatenga kumusoro *napanyika, ropa, ...moto, neshongwe dzoutsu.*

Zuva richashanduka kuve rima, uye *mwedzi uchashanduka* kuve ropa, *zuva guru raJEHOVHA... rinotyisa risati rasvika.*

Zvino zvichaitika kuti, ani naani anodana pazita raJEHOVHA achadzikinurwa:

⁹⁷ Ndizvo a...Oo! Chii? Joere! Macherechedza here? Muna Mabasa 2, Petro akatora ndima imwe cheteyo. Akati, “Imi varume veIsraeri, inzwai mashoko angu. Ava havana kudhakwa,” vanhu ava vakasimbiswa, vakanyaradzwa, vakasiyana, vakaiswa chiratidzo. “Havana kudhakwa, sezvamunofungidzira,” Mabasa 2, “muchiona kuti ino inguva yechitatu yezuva. Asi izvi ndizvo zviya zvakataurwa nomuporofita Joere, achiti, ‘Zvichaitika mumazuva ekupedzisira kuti Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose.’”

⁹⁸ Iwo chii, Mweya Mutsvene chii? Zvakanaka, zvino ngaticherechedzei zvakare, wakavimbiswa kuvatendi, ndizvo zvaUri. Zvino, Mweya Mutsvene uyu, tinoona zvaUri, kwechingvana. Wakavimbiswa kuna ani? Kuvatendi.

Zvino ngatiendei kuna Ruka, chitsauko 24 chaRuka, tinzwe zvakataurwa naJesu muMashoko aKe ekupedzisira Asati abva panyika. Ruka chitsauko 24. Uye imi muri kunyora izvi pasi zvino, munogona kuzvinyora pasi, mozozvinzvera mangwana pamunenge mune nguva yakawanda. Zvino, Ruka 24:49, inzwai Jesu achitaura. Pakupedzisira, paAkanga achikwira muKubwinya, kukwira kudenga, heano Mashoko aAkataura kuvadzidzi vaKe.

... tarirai, ndinotuma vimbiso yaBaba vangu...

Vimbiso ipi yacho? Chisimbiso, chiratidzo, Munyaradzi, nezvimwe zvinhu zvose izvi zvandataura nezvazvo, nezvimwezve zvapaketwa zviuru.

... ndinotuma vimbiso yaBaba vangu pamusoro penyu:...

Vimbiso ipi? “Iyo yacho yakanzi naIsaya yaizouya, ‘Nemiromo inokakama nedzimwe ndimi Ndichataura kuvanhu ava.’ Ndichatumira zororo racho pamuri. Ndichatumira zvakataurwa naJoere, kuti, ‘Zvichaitika mumazuva okupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyu.’ Oo, Ndichatuma kwamuri, uye ndoita kuti marudzi ose, vanhu vose, kutangira paJerusarema... Ndichaunza mbeu yaAbrahama pasi pesungano iyi. Ndichaisa mumwe nemumwe wavo chisimbiso. Munoono, Ndichadurura Mweya waNgu.”

... Ndichatuma vimbiso yaBaba vangu pamusoro penyu: asi imi mirirai, zvinoreva kuti, garirirai muguta reJerusarema, kusvikira imi mapiwa simba rinobva kumusoro.

⁹⁹ Mweya Mutsvene chii zvino? “Simba rinobva Kumusoro!” Kwete simba rinobva kuna bhishopi, kwete simba rinobva kuchechi. Asi, “Simba rinobva Kumusoro!”

¹⁰⁰ Ko Simba iroro rakauya sei? Neku “joinha chechi”? Ndinokupikisai kuti mudaro, kutaura kuti ndizvozvo. Neku “joinha chechi, kukwazisana maoko nemuparidzi”? Kwete, changamire. Zvino, kwamuri imi maKatorike, “kuburitsa rurimi rwako kunze nekutora chirairo chekutanga”? Kwete, changamire.

¹⁰¹ Ko Rakauya sei, Simba rinobva Kumusoro? Ngativerengei mberi zvishoma. Ngatiendei kuna Mabasa 1:8. Vakaungana pamwe chete zvino. Zvino vakanga vachitaura nezvaJesu pano, pavakanga vakaungana pamwe chete, uye vakanga vagadza mumwe kuti atore nzvimbo yaJudhasi. Mabasa 1:8.

Asi muchagamuchira simba, mushure mekunge Mweya Mutsvene uyu wauya pamusoro penyū. . .

Chii? “Unova nhengo yeBranham Tabhenakeri here”? Kwete. “Unova nhengo yechechi yeMethodisti, chechi yeKatorike, Presbyteriani”? Handizvo, muBhaibheri. Iyo idzidziso yakagadzirwa nevanhu.

“Asi uchagamuchira Simba mushure mekunge wava muparidzi”? Kwete, changamire. “Uchagamuchira Simba mushure mekunge wawana Bachelor of Art yako”? Kwete, changamire. “Iwe uchaga- . . . kuchauya Simba mushure mekunge wawana DD yako”? Kwete, changamire. “Uchagamuchira Simba mushure mekunge wabhahatidzwa mumvura”? Kwete, changamire. “Uchagamuchira Simba mushure mekunge wadya chirairo chekutanga”? Kwete, changamire. Munoono, zvose izvi zvinhu zvakagadzirwa nevanhu.

¹⁰² Teererai zvakataurwa neBhaibheri, zvakataurwa naJesu.

. . . muchagamuchira simba, mushure mekunge Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyū: (ko Mweya Mutsvene chii? Simba racho) zvino, shure kweizvi, muchava zvapupu. . . (“Imi 12 chete, munopupura paJerusarema”?) . . . muchava zvapupu kwandiri muJerusarema, . . . Judhea, . . . Samaria, kusvikira kumagumo enyika. (Uko kwakanga kuchigere kusvikwa.)

Zvino akati areva zvinhu izvi, . . . akati areva zvinhu izvi, vachiri vakamutarira, akakwidzwa mugore uye akagamuchirwa. . . vakasazomuona.

¹⁰³ Zvino vhurai kune rimwe divi repeji, muone zviporofita izvi zvichiitika.

Zvino zuva rePentekosti rakati rasvika, vakanga vari mune imwe . . . vose vakanga vari muhumwe panzvimbo imwe chete.

“Zvino kamwe-kamwe mufundisi akabva apinda uye. . .”? Ndabuda mugwara ipapo, handina here? “Kamwe kamwe muprisita akauya paartari”? Kwete.

Zvino kamwe kamwe kwakauya ruzha. . .

Kwete kungotenda zvekabanga; Rwaivapo, ruzha.

“Mumwe mushumiri akanga achiuya kumusuwo”? “Muprisita aiva nechirairo, achibuda panzvimbo tsvene”? Kwete, hakuna zvakadaro.

. . . kwakauya ruzha kubva kudenga. . . (kwete ruzha rwekukweshera kwetsoka). . . kwakauya ruzha kubva kudenga sokwe . . . mhupo inovhuvhuta nesimba (Oo, ini

zvangu! Fiyuu! . . . ? . . .) . . . uye rwukazadza imba yose mavakanga vagere.

¹⁰⁴ Ko Mweya Mutsvene chii? Hepano pavanowana Simba. Hepano pavanofanira kumirira; hezvinoi zvakaitika pavakazviita. Vose vakaporofita, kubva kuna Genesi zvichienda mberi, kubva kuna Abrahamama zvichienda mberi; Waizouya, uye nokuti Waizouya sei, nezvibereko zvaizouya. Ko iWo chii? Wakavimbiswa kuChechi, kuvatendi.

. . . uye rwukazadza imba yose mavakanga vagere.

Zvino kwakaonekwa kwavari ndimi dzakapatsanurana dzinenge . . . dzemoto, ndokumhara pamusoro womumwe nomumwe wavo.

Uye vose vakazadzwa neMweya Mutsvene, uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, pavakapiwa napo neMweya kureva.

Zvino tichazobata pazviri, Chishanu manheru. Tichazvisiya ipapo chaipo, munoono.

¹⁰⁵ Ko Wakamira sei? Ivimbiso kuChechi, ivimbiso zvirokwazvo. Zvakanaka.

¹⁰⁶ Zvino, zvino tichazoono, mushure mekunge vazadzwa, vakaiswa chisimbiso kusvikira riinhi? [Ungano inoti, “Kusvikira pazuva rerudzikinuro.”—Mupepeti]

Vangani muno vane Mweya Mutsvene? Ngationei maoko enyu. Pane vakawanda vane Mweya Mutsvene kudarika vasina. Tinoda kuti uve mumwe wedu, hama, hanzvadzi. Paunonzwisisa kuti iWo chii, ndiWo . . . Iwo Mweya waMwari unogara mauri, kuti uite mabasa aMwari.

Mwari pavakambotumira chero mumwe weMweya waVo mune chero mumwe wevaranda vaVo, chero mumwe vevaporofita vaVo, chero mumwe vevadzidzisi vaVo, chero mumwe wevaapostora vaVo, vaingogara vachirambwa nenyika. Vaonekwa sevanopenga, muzera rimwe nerimwe raivepo. Kunyange Pauro paakamira pamberi paAgripa, akati, “Nenzira iyo inonzi hupenzi . . .” *Hupenzi* chii? “Kupenga.” “Nenzira yavanoti kutsauka, boka remipengo, ndiyo nzira yandinonamata nayo Mwari wamadzibaba edu.” Ndinofara kwazvo kuti ndinogona kutaura kuti ndiri mumwe wavo. Hongu, changamire. Ndizvozvo. Ndinofara kwazvo kuti ndinogona kutaura kuti ndiri mumwe wavo.

¹⁰⁷ Zvino, mushure mekunge Mweya Mutsvene uyu wauya pamusoro pavo, Wakavaita kuti vadanane zvakanyanya kusvikira zvinhu zvose zvaiva zvavo vose pamwe chete. Ndizvo here? Ini zvangu, ini zvangu, kuyanana kukuru chaiko! Tinoimba rwiyo rwuya dzimwe nguva, “Oo, kuyanana kwakadini! Oo, mufaro weDenga wakadini!” Ndizvozvo. Vaive vasina basa

nazvo, vaive vasina basa nazvo kuti zu—zuva raipenya here kana kuti harina. Havana kukumbira zvinhu zviriri nyore.

“Zvino, ndichagamuchira Mweya Mutsvene,” vanodaro vamwe vanhu kwandiri, “VaBranham, kana mukandivimbisa kuti ndichave muzvinamiriyoni, kana mukandivimbisa kuti ndichawana migodhi yemafuta, uye kana ndikawana migodhi yegoridhe, uye ini—ini...” Munoono, vanhu vanodzidzisa izvozvo, uye vanodzidzisa nhema. Mwari havana kuvimbisa zvinhu izvozvo.

¹⁰⁸ Munhu akangogamuchira Mweya Mutsvene haana basa kuti apemha zvekudya here, kana kuti kwete. Hazvina mutsauko wazvinoita kwaari. Iye chisikwa chakananga Denga. Haadaro... Haana chakamusungirira pano, zvachose. Ndizvozvo. Haana basa nazvo. Chingauya, chingaenda, chero zvazviri. Regai vatsoropodze, vaite dambe. Kurasikirwa nemukurumbira wako, une hanya neiko? Uri munzira yako inoenda muKubwinya! Hareruya! Meso ako akatarira pana Kristu, uye uri munzira yako. Hauna basa nezvintaurwa nenyika.

Ndizvo zviriri Mweya Mutsvene. ISimba, iWo chisimbiso, NdiMunyaradzi, NdiMurevereri, iWo chiratidzo. Oo, ini zvangu! Chivimbo chekuti Mwari vakugamuchira.

Ndatora nguva yakareba sei? Ndasarirwa nemamwezve maminiti 8 chete. Zvakanaka. Regi ndi... Ndine Magwaro akawanda pano. Handifunge kuti ndinogona kuaunza, asi ticha—tichaedza nepatinogona napo.

¹⁰⁹ Zvino, mushure mekunge munhu azadzwa neMweya Mutsvene, zvinokwanisika here kuti matambudziko nezvinhu zvingamukonzera kuti adzoke uye... Zvino, haasi kuzorasikirwa, achiri mwanakomana waMwari, acharamba ari, nekuti wakaiswa chisimbiso kusvika riinhi? [Ungano inoti, “Kusvikira pazuva rerudzikinuro.”—Mupepeti] Ndizvozvo. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

¹¹⁰ Zvino, mushure mekunge vadzidzi varohwa, vanyombwa, waitwa dambe navo, nezvose, vakafunga kuti yakanga yava nguva yokuunganazve pamwe chete kwechinguvana. Ngativhurei kuna—kuna Mabasa chitsauko 4, uye toona pavaka... zvakaaitika. Zvino izvi ndezvenyu imi vanhu vanaWo kare. Mabasa chitsauko 4.

Zvino, Petro naJohane vakanga varohwa, vaiswa mutirongo, nokuda kwekupodza, nokuva neshumiro yekunamatira vanorwara kunze pamusuwo wechechi. Vangani vano zviziva? Paiva nemurume akanga akarara ipapo, akanga akaita sekuremara mutsoka dzake. Akanga asingagoni kufamba; aive akadaro kwemakore 40. Petro ndokupfuura nepo. Zvino akati... akatambanudza kapu yake, kuti awane chingaiswa mukapu yake, kuitira chokudya.

Zvino Petro akaratidza kuti akanga ari muparidzi akazadzwa neMweya Mutsvene, akanga asina kana mari. Akati—akati, “Sirivheri nendarama handina kana.” Munoono, akange asina basa nazvo. Asi aive chi—chisikwa chakananga Kudenga. Oo, ndinoshuva sei kuti dai taiva nenguva yokumbomira ipapo kwechinguvana, munoono. Aive akananga Kudenga. Akanga anyaradzwa. Akanga ane Mweya. Akanga ane Simba. Akafamba ndokuti, “Sirivheri nendarama handina, asi zvacho zvandinazvo ndinokupa.”

Pasina kupokana murume uyu akati, “Chii chamunacho, changamire?”

“Ndine kutenda. Ndine chimwe chinhu mumoyo mangu chakatanga mazuva angaita 10 apfuura. Ndakanga ndiri mukamuri yepadenga kumusoro uko, uye kamwe-kamwe, vimbiso dzose dzakanga dzaitwa naMwari. . .Ndakanga ndafamba naJesusu Kristu kwemakore 3 nehafu. Ndakaredza naYe, ndichidhonza hove. Ndakaita zvinhu izvi zvakasiyana-siyana. Uye ndakanga ndaMuona achipodza vanorwara. Ini. . .Akaramba achindiudza kuti, ‘Baba vari maNdiri; asi paNdinoenda, Vachapinda mamuri.’ Naizvozvo, handina kuzvinzwisisa. Asi Akati, ‘Zvino, haNditarisire kuti uzvinzwisise.’”

Hauzvinzwisise zvinhu izvi; unongozviwana. Handisati ndazvinzwisisa nazvino. Uye usandiudza kuti unonzwisisa; nokuti, hauzvinzwisise. Maona? Saka, handigone kuUnzwisisa, handikwanise kuZvitsanangura; asi, chinhu choga chandinoziva, ndinaWo.

“Zvinoka, zvinoka,” unoti, “izvo hazvisi zvesainzi.” Oo, chokwadi ndizvo.

¹¹¹ Tarisai magetsi ayo. Benjamin Franklin paakazvibata, akati, “Ndaabata.” Akanga asingazive chaaiva nacho, asi akanga anacho. Uye ndinoda mumwe munhu andiudze manheru ano kuti magetsi chii. Ivo havasati vaziva nazvino kuti chii, asi tinawo. Ameni. Ndizvozvo. Hapana munhu anoziva kuti magetsi chii. Vanogona kuashandisa, kuaita kuti apenye, kuaita kuti apise, kuaita kuti ashande. Asi ano—anogadzirwa nemajenareta, zvidimbu 2 zvinotenderera pamwe chete saizvozvo. Zvinoagadzira, uye ndizvo zvoga zvavanoziva. Achapa chiedza, uye ane simba maari.

¹¹² Uye zvakafanana neMweya waMwari. Kana wawana chidimbu chimwe, ndiwe, uye chimwe chidimbu ndiMwari; uye woita kuti zvitenderere pamwe chete saizvozvo, zvinokuitira chimwe chinhu. Ndizvozvo. Uchapa Chiedza. Uchapa Simba. Hauzive kuti iWo chii, uye haufe wakaziva kuti iWo chii, asi unoziva paunoUwana. Ndicho chinhu chechokwadi. Uye Ndewako. Ndewako. Chivimbo. Ndizvozvo.

Chiedza *ichocho* chinoratidzei? Pane chivimbo. Ndicho chiedza.

Zvino cherechedzai izvi. Zvino, hamuzive kuti iWo chii.

¹¹³ Asi varume ava vakati, “Zvino,” vaizo. . . vakataura chinhu chimwe chete chavanoziva, “tinoziva kuti havana chavanoziva.” Mamwezve “manatsi,” munoono, sezvakataurwa nomuJerimani muduku kuti aive. Maona? Akati, “Havazive uye havana kudzidza. Asi vanga vaine Muredzi uya, Kapenda uya zasi uko, anonzi Jesu, ndinokuudzai, nokuti vari kuita zvinhu zvimwe chete zvaAnoita.”

¹¹⁴ Ndizvo zviru Mweya Mutsvene, ndiJesu achigara mumuredzi asina chaanoziva, kapenda, kana chero hake, muparidzi asina chaanoziva, chero zvaangava. Munhu anoda kuva asina chaanoziva kuzvinhu zvenyika, uye orega Jesu achipinda maari, Mweya waMwari, chisimbiso, Munyaradzi. Haana basa nekukurumbira; chinhu choga chaanoda ndiMwari.

¹¹⁵ Mwari pavaiisa muhurongwa, Vakati, “Imi mose vaRevhi, Ndakakudanai uye ndikakuitai vapisita. Uye hama dzenyu dzose, mamwe, marudzi 12 uye. . . mamwe marudzi 11 achakubhadharai chegumi.”

“Kana, mawana tswana 9 dzemaapurosi, dururirai tswana 1 kuvaRevhi. Pamunounza makwai enyu nomuho—horo kuno, torai gwai regumi. Handina basa kana riri diki, kana guru, rakakora, kana risina kunaka, nderevaRevhi.

“Zvino, vaRevhi, kana mawana zvose izvi, munobva mapawo chegumi, zvakare, kuna Jehovha. Munaita chipiriso chinozunguzirwa, zvipiriso zvinotsaurwa, nezvimwe zvipiriso zvakasiyana. Munopa chegumi kunaShe.”

¹¹⁶ Vakati, “Mosesi, pachikamu chako, iNi ndiri wako.” Oo, ini zvangu! Vakati, “Ndini chikamu chako chinogutsa.”

Uye ndizvo zviru Mweya Mutsvene kuChechi nhasi. Sirivheri nendarama handina, asi ndine Chikamu chinogutsa. Hareruya! Dzidzo, handikwanise kuverenga Bhuku iri, asi ndine Chikamu chinogutsa. Zvakanaka. Dhigirii rachiremba, handina kana; maPh.D kana maLD, kana chimwewo zvacho. Asi pane chinhu chimwe chete chandinacho, Chikamu chinogutsa. Ndicho chikamu chandinoda. Ndicho chikamu chinodiwa naMwari kuti uve nacho. Rasa zvimwe zvinhu zvekare izvi kure, mukurumbira wose nezvimwe zvose, uye wobuda hako watora Chikamu chaMwari chinogutsa.

¹¹⁷ Nokuti, zvaunazvo zvenyika ino, uchazvisiya pano kana waenda. Asi kana uine Chikamu ichocho chinogutsa, Chinokuendesha kumusoro zvechokwadi chaizvo. Tinogara tichitora inishuwarenze, nhasi, kupa anoviga vanhu. Ngatitorei Chikamu chinogutsa chaMwari, uye totora Anokwidza Kudenga pachinzvimbo cheanoviga pasi. Munoziva, vose vanoshanda.

118 Zvino ngationei.

...vakati varegedzwa, vakaenda kune vekwavo, ...

Kwete kudzokera kuvaprisita. Munoono, zvakararatidza kuti vaiva naWo. Vakanga vasiri kudzokera kuchinhu chiya chakare, chinotonhora, chetsika zvakare, kwete; kudzokera vonoti, “Zvino tarisai pano zvavakatiitira!” Kwete, kwete. Vaive nevekwavo. Paingova nevarume vangangosvika 12 ipapo, asi rakanga riri boka rakatozvikanira, vanhu vashoma-shoma kwazvo.

...varegedzwa, ...

Mushure mokunge vavarova nekuvatyisidzira, vakati, “Kana mukazobhabhatidza muZita raJesu zvakare!” Kana kuti, oo, ndanga ndiri kureva...Zvino, ndizvozvwo. Maona? “Kana mukazoparidza muZita raJesu zvakare, chero zvamunoita, tichakubatai!”

119 Vakati, “Fiyuu, kutyisidzira chaiko. Ngatiendei kune dzimwe hama dzose.” Oo, ndiyo nzira. Mukubatana mune simba. Mukubatana mune simba. Vakati, “Ngatiendei hedu kune dzimwe hama dzose tione zvatingaite.”

120 Zvino vose vakaungana uye vakanga vachitaura zviitiko zvakasiyana-siyana.

...vakati varegedzwa, vakaenda kune vekwavo, vakandovaudza zvole zvavakanga vaudzwa navaprisita vakuru pamwe navakuru.

Zvino vakati vazvinzwa, vakasimudzira manzwi avo kuna Mwari nomwoyo mumwe, ...

Zvino teererai zvavakataura. Mutarisei, vatarisei, kwete kudzokera vonoti, “O...” chimwewo chinhu chekuti, “O Ishe, ndine urombo kwazvo...” Kwete. Vakanga vatoponeswa. Vakanga vakazadzwa neMweya. Vaiva neHupenyu Husingaperi.

...vakasimudzira inzwi ravo...nomwoyo mumwe, zvino vakati, Tenzi, muri Mwari, ...

Ameni! Ndinongozvifarira, Hama Palmer. Ndinozvifarira izvozvo.

...muri Mwari (tinoviziva izvozvo) ndimi makaita matenga, nenyika, negungwa, nezvole zviru mukati mazvo:

Uyo nomuromo waDhavhidhi muranda wenyu... makati, ...

121 Zvino tarisai, uchazodzoka, woti, “Zvino, isu hatisi...” Zvino unoenda kunze uko woti, “Manjeka, zvino, Ishe, zvino imbomirai zvishoma pano. Vari kungondiseka zvakanyanya!” HaAna here kutaura kuti vaizozviita?

“Vose vanorarama zvine humwari muna Kristu Jesu vachatambudzwa.”

“Zvino, munoziva, mukuru wangu wekubasa akandiudza kana akabata. . .” Havana kuti vachataura kudaro here? “Zvino, munoziva, vakandipinza mudare rimwe zuva, pamusoro paWo.”

¹²² HaAna here kuti, “Muchaunzwa pamberi pemadzimambo nevatongi, nokuda kweZita raNgu. Musafunga zvamuchataura, nekuti hamusi imi muri kutaura”? Ndakazviona zvichiitika nezuro. “Mweya Mutsvene unogara mauri; ndiWo uchataura.” Munoono, “Iwo.” Ndizvozvo. Zvakanaka. “Usafunganya zvauchataura.”

Ishe, kubudikidza. . . Uyo kubudikidza newenyu. . .
muromo waDhavhidhi muranda wenyu makati, Ko vahedheni vanoitireiko hashu, navanhu vanofungireiko chinhu chisina maturo?

Madzimambo enyika akasimuka, navabati. . . vakaungana pamwe chete kurwa naIshe, naKristu wake.

. . . *zvirokwazvo, Ishe, vachipesana naJesu mwanakomana wenyu mutsvene, wamakazodza, vose vari vaviri Herodhi, naPontio Pirato, pamwe chete naMarudzi, navanhu veIsraeri, . . . vakaungana pamwe chete,*

Kuti vaite zvose zvakanga zvatemwa kumashure noruoko rwenyu nokuraira kwenyu kuti zviitwe.

Oo, ini zvangu! Ndinozvifarira izvozvo. “Ishe, vari kungoita chinhu chaicho chaMakati vaizoita.” Bhaibheri rakati kudii? “Mumazuva ekupedzisira, kuchauya vaseki; vemisoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari; vanoputsa sungano, vapomeri venhema, vasingazvidzori, vanozvidza avo vakanaka; vane mufananidzo wehumwari, asi vachiramba. . .” Havana kumbokwirako kundogamuchira Simba: “. . .mushure mokunge Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu.” “Vane mufananidzo wehumwari, asi vachiramba simba racho: mufuratire vakadaro.” Ndizvo zviri Mweya Mutsvene. Maona?

. . . izvo zvakatemwa. . . *kuti zviitwe.*

. . . *zvino, Ishe, tarirai kutyisidzira kwavo: uye— uye mupe varanda venyu, kuti titaure shoko renyu nehushingi hwose,*

Oo, ndinozvifarira izvi! Bvisa humbwende ihwoho hwekare, uve nehushingi chaihwo imomo. Zvino tarisai pano.

. . . *kuti titaure mashoko enyu,*

Nekutambanudza ruoko rwenyu kuzopodza; . . .

Oo, hama! Madhimoni haafe, asi Mweya Mutsvene haufewo zvakare. Maona?

...kutambanudza *ruoko rwenyu kuzopodza*;...kuti *zviratidzo nezvishamiso zviitwe nezita remwana wenyu mutsvene Jesu.*

Muri kuona zvavaikakavara nezvazvo, handiti? Vari kuita chinhu chimwe chetecho nhasi, asi hazvina kana zvazvinobatsira.

Zvino vakati vanyengetera, nzvimbo yavakanga vakaungana ikazunguzwa; uye vakazadzwa vose neMweya Mutsvene, uye...vakataura shoko raMwari vasingatyi.

123 Fiyuu! Ini zvangu! Vakawana chimwe chinhu pavakaenda kumusoro ikoko, havana here? Vimbiso yakati ndizvo zviri Mweya Mutsvene, kukupa hushingi, kukupa nyaradzo, kukuisa chisimbiso, kukupa chiratidzo. Oo, ini zvangu!

124 Teererai. Oo, ndinoshuva dai tanga tiine nguva, taigona kuzotaura nezvaFiripi kuvaSamaria. Muna Mabasa 8:14; imi mose muri kuzvinyora pasi. Vakanga vagamuchira mufaro mukuru, vakanga vava nekupodzwa kukuru, asi vakanga vabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Asi vakatumira kuJerusarema, kunотор Petro; akauya zasi ikoko ndokuisa maoko pamusoro pavo, uye vakagamuchira Mweya Mutsvene. Mabasa 8:14.

125 Vemarudzi, paiva nomumwe ainzi Kornerio. Aiva murume anoshamisa kwazvo, aibhadhara chegumi, akavakira vanhu masinagogi, airemekedza Mwari, aitya Mwari; murume akanaka, muPresbyteriani akanaka, muMethodisti, muBaptisti, kana zvimwewo, munoono, murume akanaka chaizvo. Asi rimwe zuva, Mwari vakati, “Iye munhu akanaka; saka Ndiri kuzongomuendesa kune mumwe musangano. Ndichatotoro muparidzi wangu kuno omuudza pamusoro paWo.” Zvakanaka.

Saka akaona chiratidzo, vakati, “Enda zasi kuJopa, uye uchawana mumwe zasi ikoko anonzi Simoni, musuki wematehwe. Uye pane mumwe, Simoni Petro, imomo. Ita kuti auye kumusoro kuno; achakuudza nzira, nokuti akagamuchira chimwe chinhu.”

126 Zvino apo Petro akamira kumusoro ikoko... Zvino Kornerio akanga ari kuzonamata muparidzi iyeye. Akanga ari...Asi Petro akati, “Simuka. Ndiri munhu sewe.”

“Zvino Petro achiri kutaura Mashoko iwayo,” ekuti vakadzokera sei, pakutanga pa...Zvinhu zvimwe chete zvandiri kutaura nezvazvo, kuti Mwari vakavimbisa sei kudurura Mweya Mutsvene. “Achiri kutaura Mashoko aya, Mweya Mutsvene wakawira pamusoro pavo.” Fiyuu! Hongu. Ndizvo zviri Mweya Mutsvene, kuti ndeWaani. Chokwadi. “Uye vose vakazadzwa neMweya Mutsvene.”

¹²⁷ Zvino cherechedzai muna VaEfeso, kwaiva nehama yechiBaptisti. Kutanga aive gweta, akangwara, murume akatesva njere, aiziva murairo; murume mukuru, mudzidzi. Rimwe zuva akatanga kuverenga Bhaibheri, uye akaona kuti paizouya mumwe anonzi Mesiya. Zvino paakaita izvozvo, handiti, akatanga kunzwa nezvaJesu uyu, uye akati, “Ndagutsikana. Uye ndinopupura pachena kutenda kwangu kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari.” Akanga ari muBaptisti chaiye. Heunoi ouya, “Ndinopupura pachena kuti Jesu ndiye Kristu.” Akasvika pakuzviita zvakanyanya zvekuti Mwari vakamudana mushumiro. Mwari vanogara vachitaura kumoyo wakatendeka.

¹²⁸ Zvino kwaiva nemumwe mugadziri wematende mudiki zasi ikoko ainzi Akwira naPrisira, murume nemudzimai. Vaigadzira matende. Mabasa chitsauko 18, inokuudzai nezvazvo. Pauro, vaive shamwari dzake. Vakanga vagamuchira Mweya Mutsvene pasi paPauro nedzidziso yake.

Vakanzwa kuti kune rumutsiro ikoko, saka vakaenda ikoko. Paingove ne 10 kana 12 vaiuyako. Saka akaendako kundorwuona, zvino akanzwa muparidzi uyu achiparidza, kuperera kwemoyo wake. Akati, “Munoziva, ndinotenda kuti aizoteerera kuChokwadi.”

Saka mushure mekunge shumiro yapera, akamudana kuseri kwetende, ndokuti, “Honai, tine hama yedu duku akareba zvakada kudai, muJudha ane mhino yakakombama, uye, asi kana achinge auya, achakudzidzisa Shoko raMwari, zvakajeka.” Zvino, mushure mechinguva. . .

¹²⁹ Pauro akanga ari mutirongo panguva imwe cheteyo. Inzvimbo yakaipa kumuparidzi wechimanjemanje, handizvo here? Asi akanga ari mujeri, uye Ishe vakamuisa imomo. Zvino mushure mekunge kudengenyeka kwenyika kwauya, kukazunguzira jeri pasi, akatora murindi wejeri neveimba yake ndokuvabhabhatidza vose, muZita raIshe Jesu, ndokusimuka achienda, ndokusvikako.

Zvino akanga achangobva kudzinga dhimoni kubva mumusikana muduku, wekare zasi uko aitura zvekuwuka. Uye, zvakare, vaiita mari yakawanda naye, saka akangofumura basa ravo rakaipa, naizvozvo vakamuisa mujeri nokuda kwazvo. Zvino Ishe vakazunguzira jeri pasi, nokuti Vaiva neboka revanhu ikoko vaifanira kuti vanzwe Chokwadi. Haugoni kusunga Shoko raMwari. Kune. . . Zvisinei hazvo, haugone. Hautongogone kuzviita.

¹³⁰ Saka akasvikako kwaive nemurume uyu. Uye Akwira naPrisira, zvichida vaiva nemasangweji. Uye pakarepo mushure mekunge masangweji adyiwa, akati, “Tichaenda kune rumutsiro.”

Pauro akagara kuseri ikoko akabata hanzu yake duku, ndokuteerera muparidzi wechiBaptisti uyu achiparidza.

Akati, “Zvakanaka, zvaunoparidza, asi pane zvimwezve zvaZvo.” Akati, “Ndinoda kukubvunzai mubvunzo, Chiremba Aporo. Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?”

“Oo,” akati, “tanga tisingazive kuti uriko. Unorevei, nekuti ‘Mweya Mutsvene’? Isu tiri maBaptisti.”

Akati, “Munoziva sei kuti muri muBaptisti?” Maona?

“Zvino, takabhabhatidzwa. Tinongoziva rubhabhatidzo rwaJohane chete.”

Akati, “Akabhabhatidza chete kuti vanhu vatendeuke, achiti ‘tendai kune Uyo ari kuuya,’ iko kuna Jesu Kristu.”

Zvino paakanzwa izvi, vakabhabhatidzwa zvakare, muZita raJesu Kristu. Zvino Pauro akaisa maoko ake pamusoro pavo, Mweya Mutsvene ukauya pamusoro pavo, zvino vakataura nendimi nokuporofita. Akati, “ani naani.”

¹³¹ Zvino, zvino, tinozviita sei? Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu, zvino ini. . .Tichavhara, nekuti, ndizvo, ndakuudzai kuti ndichakuburitsai nekukurumidza. Munoziva kuti Mweya Mutsvene chii. KuGwaro rokupedzisira manheru ano. . .Ndine mamwe pasi apa, asi tinofanira kuasiya iwayo. Ngativhurei kuna Vakorinde Vokutanga 12. Zvino tozoverenga izvi, uye zvakare ticha—tichavhara. Zvakanaka. Vakorinde Vokutanga, chitsauko 12.

Vangani vanotenda dzidziso yaMutsvene Pauro? Chokwadi! Akati, muna VaGaratia 1:8, “Kana Ngirozi ikadzidzisa chimwe chinhu chakasiyana, ngaive yakatukwa,” ndoda muparidzi zvake. “Kana Ngirozi inobva Kudenga ikaburuka yodzidzisa chimwe chinhu chakasiyana, ngaive yakatukwa.” Munoono, musave kana nechekuita nazvo.

¹³² Zvino tarisai izvi, Vakorinde Vokutanga 12. Va—vangani vanoziva kuti tinofanira kuva muna Kristu kuti tiende murumuko, nokuti Mutumbi waKe uyo Mwari vakavimbisa kuzomutsa? Hapana imwe nzira. Hapana imwe nzira, kana uri kunze kwaKristu.

Unogona kutarisa kumashure *kuno* wotenda kwaAri, woti, “Chokwadi, ndinoMutenda. Ndiye Mwanakomana waMwari.” Zvakanaka, hama yangu, ndagadzirira kukwazisa ruoko rwako kana wadaro. “Ndinotenda maAri. NdichaMupupura seMuponesi wangu.” Zvakanaka, asi hausati wava maAri. “Ndichakwazisana maoko nemuparidzi. Ndichareurura zvivi zvangu.” Ikoko hakusi kuva maAri.

¹³³ Zvino tarisai, onai zvakataurwa naPauro, kuti unopinda sei muna Kristu. Uchazivikanwa sei kuve wakadzingiswa? Abrahamu, vakapa chiratidzo. Teererai kune izvi zvino,

Vakorinde Vokutanga, chitsauko 12, uye ngatitangirei pandima 12.

Nokuti somuviri uri mumwe, une mitezo mizhinji, neyose... mitezo yomuviri mumwe iwoyo, kunyange iri mizhinji, ingori muviri mumwe chete: ndizvo zvakaitawo Kristu. (haana kupatsanuka. "Mumwe!")

Teererai. "Nokuti nekereke imwe chete"? Vangani vari kuverenga kumashure kwangu? "Nekukwazisana kumwe chete"? "Nemvura imwe chete"? Kwete. Saka mumwe munhu ari kukanganisa.

"NoMweya mumwe chete!" Ivara guru here? Ndiwo, "Mweya Mutsvene," zvino. Maona?

...nokuti neMweya mumwe isu tose takabhabhatidzwa mumutumbi mumwe, kana tiri vaJudha kana veMarudzi, kana varanda kana vakasununguka; uye isu tose takanwiswa paMweya mumwe chete.

¹³⁴ Mutumbi waKristu Mweya mumwe chete, apo nhengo imwe neimwe, kubva paPentekosti kusvika panguva ino, inonwa Waini itsva imwe cheteyo, Mweya Mutsvene mumwe chete, uchiunza zvibereko zvimwe chete. Tinozviita sei? "NoMweya mumwe chete."

Iswu raMwari rakazaruka, Mweya Mutsvene. Iwo chii? Iswuwu raMwari rakazaruka. Iwo Chiratidzo. Iwo chisimbiso. NdiMunyaradzi. NdiMurevereri. Iwo chivimbo. Izororo. Iwo rugare. Iwo runako. Iwo kupodzwa. Iwo Hupenyu. Ndiwo—ndiwo suwo raMwari rakazaruka kuzvinhu zvose izvi. Iswuwu raMwari rakazaruka kuna Kristu, uyo aka...

Mwari vakaratidza kuti Vakamutsa Jesu kubva kuvakafa, uye avo vakafa muna Kristu Mwari vachavaunza pamwe chete naYe parumuko. "Musachemedza Mweya Mutsvene wamakasimbiswa nawo muna Kristu kusvikira pazuva rerudzikinuro rwenyu." Fiyuu! Vangani vanozvitenda?

¹³⁵ Ko Kristu chii? Ko Mweya Mutsvene chii? Hachisi chinhu chinosekwa nevanhu. Ndechimwe chinhu chinosekwa nevanhu; asi hachisekesi, kumutendi.

Kune asingatendi! Ndinoshuva kuti dai ndaive nemavhiki 2 kana 3 akareba, ndinoda kutora mangwana manheru ndokuudzai kuti iwo chii kune asingatendi. Regai ndingokuudzai nokukasika, kwechinguvana. Iwo chiseko. Iwo musungo. Iwo chigumbuso. Iwo rufu. Kuparadzaniswa naMwari Nokusingaperi. Handitongogoni kufunga nezvezvinhu zvaUri kune asingatendi!

¹³⁶ Rangarirai, mvura imwe chete iyo uyo asingatendi akaseka, ndiyo yaive mvura imwe chete yakaponesa Noa nemhuri yake. Maona? Mweya mumwe chete, Mweya Mutsvene uri

kusekwa nevanhu uye vachiti “kupenga, uye iboka remanatsi, Kurasika njere,” Ndiwo chinhu chimwe chete chichaBvuta Chechi nokuItora pamazuva okupedzisira; uchaunza kutongwa pane asingatendi. Ndizvozvo. Ndizvo zviru Mweya Mutsvene.

¹³⁷ Vakaropafadzwa avo... Regai nditaure izvi, mukuperera kwemoyo wangu. Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yaWo, nokuti vachazadzwa.

¹³⁸ Mangwana manheru tichataura pamusoro pekuti sei, izvo zvaUnoita kana Wauya.

¹³⁹ Zvino, vangani vari muno vanoda kugamuchira Mweya Mutsvene, uye unoda kuti mumwe munhu akunamatire, kuti ugoona Chiedza?

Munoziva kuti “iWo chii.”

Zvino, mangwana manheru, tichatora, “zvaUnoita.”

¹⁴⁰ Uye zvakare husiku hunotevera, kuti, “unoUgamuchira sei.” Zvino tichadana vanhu mukati, toita kuti vanhu varairwe pano, uye vopinda mumakamuri uye vogaramo, kana zvikatorera nemuKisimusi yose, ndizvozvo, kusvikira Mweya Mutsvene wauya. Tichasvika kwaUri kubva pahwaro hwakadzikama, hweBhaibheri. Tichasvika kwaUri uye toUwana sokuvimbiswa kwaWakaitwa naMwari, nemaburukiro aWakaita pamavambo. Ndiyo nzira yatiri pano kuti tizviite. Ini... Hazvina mutsauko kuti chii chinoti kudii, tiri...

Shoko raMwari ndiro... rine nzvimbo yekutanga mumoyo mangu. Ndizvozvo. Uye ndinoda izvo Mwari vakandigadzirira. Kana paine chimwezve, vhurai Denga, Ishe, nokuti moyo wangu—wangu wakazarukira ichocho. Ndizvozvo.

¹⁴¹ Vangani vari kuUda? Zvino simudza ruoko rwako, uti, “Ndinyengerereiwo.” Zvino, apo munoramba, maoko enyu akasimudzwa mudenga.

Baba veKudenga, tadzidzisa kwenguva refu. Asi Mweya weNyu uri pano. Kune maoko ari mudenga zvino. Uye vanoziva kuti iWo chii, vanoziva zvinoreva Mweya Mutsvene. Ndinonamata, Mwari, kuti musangano uno usati wapera, kuti ruoko rwose rwuri muno rwuchasimudzwa kuti vaUgamuchira. Zviitei, Ishe.

¹⁴² Tinovanamatira. TinoKukumbirai kuti muvaropafadze, uye muvape chishuwo chemoyo wavo. Tarisai maoko avo, Ishe. VanoKudai. Vari kuUda. Vanoziva kuti havagone kuenda... Mangwana manheru, kana Mukandibatsira, Ishe, tinokwanisa kuzviratidza muRugwaro kuti havazombopinda muKubvutwa vasinaWo. Saka ndinonamata, Baba, kuti Muvape kuva nenzara nenyota, kuitira kuti vagozadzwa. Ndinovapa kwaMuri zvino, Baba. Uye, tipei maropafadzo aya, patiri kuakumbira muZita raJesu. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda

Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁴³ Ndinoda kutaura izvi tisati taimba zvakare. Ndinoda kusangana neboka revashumiri mukamuri muno, Chishanu manheru, shumiro isati yatanga, munoona, Chishanu manheru. Ini . . .

Muri kuona zvandiri kuyedza kuita? Kutaridza zvaUri, masvikiro ekuita kwaUri uye nechekuremekedza; zvino hausi kuuya usingaoni, uchirovera mune chimwe chinhu. Ndicho chikonzero ndisina kumbozvibvunza manheru ano. Ndinoda kuti muzive kuti iWo chii. Iwo ivimbiso. Iwo chisimbiso. Ndiwo Munyaradzi. Ndiwo zvimwe zvakadaro.

Zvino, mangwana manheru nehusiku hunotevera, tichabva tatanga ipapo, kubva ipapo zvichienda mberi, kusvikira Wauya. Hazvina mhosva kuti zvinotora nguva yakareba sei; tichagara kusvikira. Chenesa moyo wako. HavazoUdururira mumoyo usina kuchena. Gadzirisa, ugadzirire, uye Vachazviita.

NdinoMuda, ndinoMuda

Ngatisimudzei maoko edu zvino.

Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

Mufundisi vachangobva kutaura, uye tiri kubvumirana, kuti mangwana manheru tichatanga na 7 panzvimbo ya 7:30. Uye zvinondiita kuti ndikubuditse na 8:30 panzvimbo ya 9:30. Na 7 thir- . . . Na 7 o'clock, mangwana manheru, shumiro yenziyo ichtatanga. Ndichange ndiri paMharidzo yangu na 7:30.


Ndinomuda,

Ngatitorei mahengechepfu edu tovheyesa kwaAri.

NdinoMuda

Ingoputsa maitiro etsika zvino!

Nokuti ndiYe katanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

Zvakanaka, mufundisi wenyu zvino, Hama Neville. 

59-1216 Mweya Mutsvene Chii?
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org